8 Қ(5Қар)
П-65

**УЗАҚБАЙ ПИРЖАНОВ**

# АҚ ТАЛ АСТЫНДАҒЫ АҚШАМ



Книга должна быть
возвращена не позже
указанного здесь срока

Количество предыдущих
выдач ____________

| | |
|---|---|
| ~~20.08.16~~ | 3462. |
| ~~23.10.16~~ | 4000 |
| ~~11.XI.16~~ | 415 |
| ~~11.11.17~~ | 3381 |
| ~~9.01.18~~ | 2983 |

ППО «Союз» б/ф. 99-1-96
60.00, Р. П. Зак. Б-29

84(5kaр)
П-65

УЗАҚБАЙ ПИРЖАНОВ

# АҚ ТАЛ АСТЫНДАҒЫ АҚШАМ

НӨКИС
«БИЛИМ»
2015

УОК 821.512.121-3
КБК 5 Қар
П — 65

**Ақ тал астындағы ақшам.** Нөкис, «Билим» баспасы, 2015-жыл. 52 бет.

**УОК 821.512.121-3**
**КБК 5 Қар**
**П — 65**

Талантлы жазыўшы Узақбай Пиржановтың бул повестининң жазылғанына сәл кем елиў жыл болды. Шығармадағы еки жастың бирге өткен балалығы өзлери сезбеген ҳалда муҳаббатқа айланды. Жас жүреклерден қайнап шыққан муҳаббат кимди болса да тебирендирмей қалмайды. Әсиресе, Алмагүлдиң аяныშлы тәғдири жүрек баўырыңды елжиретип жибереди.

Бул повестьтиң оқыўшылары қайсы дәўирде де көп болатуғынына исенимимиз кәмил.

RESPUBLIKALI'Q
MA'LIMLEME-RESURSLI'Q
WORAYI'
INV № -87315
T 18

© У. Пиржанов.
© «Қарақалпақстан» баспасы, 1974.
© «Билим» баспасы, 2015.

ISBN 978-9943-4434-3-3

Аўылға жақынлағанымда мени қандай да бир сағыныштың толқыўы ентиктирип жибергендей болды. Жыллар бәрин де өзгертеди екен. Буннан жети жыл бурын пәрдийўалына өзим ылай атқан пахта склад гөнерип қалыпты. Оның узын морысының ишине керекли бир нәрсеси түсип кеткендей, жалғыз өпепек ернегине қонып алып, төмен қарап «дөндирип» отыр. Алыстан жап-жасыл болып көринип турған ақталға көзим түскенде мыйық тартып күлимсиредим де, соңынан бул күлкиниң орнын тәнҳа өзим ушын аўыр жоғалтыўдың өшпес изи баспалатып жиберди. Бәлки, сонлықтан болар, мен жолдың арқа шетиндеги қойымшылыққа қайрылдым.

...Бәҳәр оның ойылған қәбириниң үстине әлле қашан өзиниң «кестели нағысларын» салыпты. Бас ушындағы айдардай желкилдеген урыққа аралас, бир шоқ қуў қамыстың арасынан шыққан сүйриклердиң қыйықланған жапырақларында өткинши жаўынның тамшылары жылтырайды. Мазарстанлық маған соншелли кеўилсиз ҳәм жаман тәсийир етти дейсең, ҳәтте, енди қайтып бул жерге қәдем қоймаслыққа шәрт айттым. Сөйтип Алмагүлдиң қәбириниң үстинен еңкейип алған бир қысым топырақты мийрим қанғанша ийискелеп, қуўрақ шөплерди тысырлатып шашып жибердим де, тырбыйған қарабарақлардың арасындағы қоян соқпаққа түстим. Адам гейде усындай ҳалға түссе, барлық нәрсени есинен шығарып қоятуғын ўақытлары болады екен. Бир мәҳәли Алмагүл мениң қыялымда жанланып «тирилгендей» болып кетти. Бирақ, артыма айланып қарамадым...

Аўылдың сыртындағы қысы-жазы суў жататуғын үлкен сайдың ғырра жағасындағы қумлыққа келгенимде, Алмагүлди умытып, отырып қалдым. Әсиресе, жаз айларында ярым ақшам аўдарылғанша ойынның қызығына түсип кетип, үйге үркер батқаннан соң кеш қайтқанлықтан, гейде уйқлап атырғанларды иренжитип алатуғын едик.

Бул анаў жылғы фашистлерге қарсы болған урыстан соңғы жыллар еди. Баяғы өтип кеткен балалығым бирим-бирим көз алдымнан булдырап өте берди. Мен енди тек соны ғана айтып

бермекшимен. Ол жыллары бизлер ўәделесип коймасақ та хәр сапары, күн батар алдында усы сайдың жағасына жыйналамыз. Алды менен келгенлеримиз жаптың жағасындағы қатбарланған қаймақ саз кесектен етеклеп әкелип, суўдың жүзин сыйпалатып ылақтырып: «бул қаймақпа, қаспақпа?» деген ойынды ойнап турамыз. Буны көбирек Есқабыл екеўимиз ойнайтуғын едик. Батып баратырған қуяштың сәўлеси майда толқынлар үстинде жылўаланып, сайдың ортасындағы «пышық мурны батпайтуғын» қамыслар кешки жағымлы самалдың ығына жапырылып жипектей сықырлайды. Тап сол ўақытта еки қанатлы самолётлардай болып ийнеликлер ызғып кетеди дейсең, қоя бер енди! Бизлердиң биринши кесегимиз ылақтырылыўы менен жағада хәз етип, көзлери сулыўлықтан жылтырасып отырған қурбақалар, қорыққанынан өзлерин суўға таслайды да, ойламаған бир жерден басын қылтыйтып шығарады. Соңынан олар геўгим түскеннен кейин айдындағы қамыстың қалың жерине жәмлесип алып, таң атқанша ўарра-ўарраны қурып, өзекти басына көтерип жаңғыртады.

Бир рет усындай ўарра-ўарралары ушын барлық қурбақаларды өмиримниң ақырына дейин пүткиллей жек көретуғын болып қалдым.

Сол күни күн батып, жағадағы жигилдиклердиң узын көлеңкеси суў бетинен серпилгенде, қубладағы аўылдың балаларын баслап Орынбай жетип келди. Хәммемиз де кеўилли едик. Ишимиздеги үлкенимиз Қалбай бәримизди түўелледи. Бирақ, гүреске қумар Абылла деген бала жоқ болып шықты. Балалардың саны он екиден асқаннан кейин, қайсы ойыннан баслаўымыз кереклиги ҳаққында ойластық. Соның арасында Айтбай менен Сәрсен күш сынасып тутысып кетти. Гүрес басланды. Қараңғыда биреўдиң көйлеги «па-рр» етип жыртылды. Қайтадан алысты. Гүрестиң изи түйе бастыға айланды. Ортаңғы пәттеде қалдым. Мениң үстиме тағы бир нешшелери бойын таслап атыр. Сол ўақытлары өзектиң жағасы бизлердиң бақырыс-қыйқыўларымыздан қулақ тындырарлықтай болып жаңғырып кетти. Ең астында қалған Сәрсенниң ашшы даўысы шыққаннан кейин хәммемиз пыснап өрре турдық.

Тағы ойластық. Ақырында екеўарадан геллеклесип келип, жасырынбақ ойнадық. Буны да бир қол ойнағаннан кейин «аўызбиршилигимиз» қашты. Биреўлер ай туўсын деп шатақласты. Енди тақым дүрре ойнаў ушын еки шаршы есилип, айланып отырып атырғанымызда Хожабай:

— Тоқтаң! — деди еки қолын көтерип. Ҳәммемиз бир нәрседен сескенип қәўетерленгендей айдың жақтысында бири-биримизге тикирейип, бежирейисип қалдық.

— Тоқтаң, еситип турсызлар ма? — деди ол тағы да даўысын пәсейтип.

Биразы демин алмай турған шығар, ким билсин, мен өзим солай иследим. Қулағыма алыстан талып келген саздың сести шалынғандай болды да, тағы да түнниң самалы оны алысларға жеткериў ушын бизлерден қызғанып, үзип алып кеткендей сезилди.

Аздан соң жаңлаған саз тап түбимизден еситилгендей болды.

Бирақ, қурбақалары түспегир, бизлердиң ҳәммемиздиң кейпимизди бузып жөнлеп еситтирмеди. Сол минутларда мен барлық қурбақаларды өлтирип таслаўды ойлап тур едим, кәпелимде:

— Жыраў!

— Жыраў! — дести бир-еки бала ҳәўлекиленип, түргелип.

— Кеттик пе?!

— Кеттик!!!

Бул рет ҳәммемиздиң даўысымыз бирге шықты. Дүсирлесип кеттик. Үриккен қозылардай арба жолда екесленип баратырмыз.

Ентигип жуўырып келсек, қара талдың астындағы Бәкир деген бригадирдиң шертегиниң асты толған адам. Қара үйдиң бир қаптал шийин ашып таслағанлықтан, кереге ниң арасынан иште отырғанлардың көбиси анық көринер еди. Еки жерге жағылып, ҳәстениң үстине орналастырылған онланшы шыралардың жақтысында адамларды аўзына қаратып, мыстай қызарған, ат жақлы, ала көзли, қара жигит, бетине қонған кишкене көк гүбелекти ушырып жибергиси келмегендей ғаңқылдатып қобыз шертип отыр. Тап өзине усап қараўытып жылтыраған бүкир қобыз оның малдас қурынып отырған аяқларының үстинде бултаңлайды. Тартқысын силтеген оң қолының жеңи шығанағына шекем түрилген.

Мен жуўан геллекке өрмелеп, қолайлы орын таўып алғаныма қуўандым. Өйткени адамлардың көплигинен жыраўды жақынырақ барып көриў бизлерге буйырмаған еди. Ара-тура жыраўдың қасында отырған биреў:

— Берекет тап, Шамурат, бир ақшам ҳәз бер десе, тағы биреўлер:

— Саў бол, кем болма! — деп жамбаслағанын қойып, шығанақлаған көпшигин алдына алып, жымырып, қуўжыңлайды.

— Қара суў бериң!

— Шай!!

Соның арасында ошақтың алдында абынып отырған Шайдагүл пақырлаған қара қуманның пуўын буркыратып шайнекке ақтарды да, дастурханды айланып өтти. Жупқа орамалының қыйықланған ушы менен бетин көлегейлеп, әдеп саклап, жыраўдың алдына келди. Ол еңкейип шайнекти қойып атырғанда, көк жипек көйлегинин жаўырнынан жылыслаған ўзын қос бурым шашларының ушына тағып қойған жуп теңгеси жылт етип кетти. Жыраў оның келгенин сезбегендей, алдына қойылған кеседен маңлайын жыйырып бир симирди де, қобызының еки қулағын алма гезек бурай баслады. Қобыз қантарылғаннан соң тағы да жанлап кетти.

Кейнин ала:

Бир дегенде не жаман,
Билимсиз өскен ул жаман,
Екиленши не жаман,
Еркелеп өскен қыз жаман,
Үш дегенде не жаман,
Үшкүлсиз пишкен тон жаман, —

Деген ири жағымлы даўыс өз-ара күлисип отырғанлардың сыбырлысын маған еситтирмей таслағаны жақсы болды. «Жаман, жаман!» — деп гүбирленип суўға малынған балағымның биреўин диземе шекем түрип атырғаным, аңсызлықта шүй төбемнен түсе жазладым. Өйткени, теректиң басында емес, ал жерде отырған шығарман деп ойлаған едим.

Әлле не ўақта бир ғарры жумған көзлерин ашпастан:

— Шамуратжан, терменди қой балам, таң қысқа, дәстанға түс, — деди көйлегиниң қызыл жийекли дөңгелек жағасының ишине қолын суғып жиберип. Сөйтти де, ол қойнына бир нәрсе салып қойғандай қармаланып атырып:

— Тийимли жерлеринен қашырмасаң болмас, — деп саққа жүгинип отырды.

Аздан соң Шамурат сүлги менен еле жыйрық түспеген пешанасын бир сыпырып алды да, кеседеги суўдан тағы бир-еки жутып, дәстанға киристи. Ол бираз ўақытқа дейин қобызын хәр ўақытта бир-бир ғаңқылдатып, қосық айтпастан сөйлеп отырды. Бир ўақытта еки ийни солқылдап, қумбыл болып жырлай баслады. Адамлар хә демей силтидей тынып қалды. Оның айтқан сөзлериниң арасында Алпамыс деген бир бала бар еди. Мен Алпамыстың арына шаўып отырғанымда

теректиң қушақ жетпес шақасына тырмасып отырып, көзим илинип кетипти. Қулағымда жағымлы «ғаң-ғаң, ғаң-ғаң» жаңлайды. Қыялымда бундай ғаңқылдаған даўысты ерте бәҳәрде арқадағы Аралға ушып баратырған ғазлардың ҳарғын пәрўазында бағанағы сайдың бойында талай еситкеним бар. Бир мәҳәли Алпамыс байшубарын сол сайға жетеклеп келип суўғарып атырғандай еди, демниң арасында оның орнында колхоз баслығымыз пайда болды. Тап сол ўақытта биреў салбырап турған аяғымнан тартқылап:

— Мырзабаймысаң, түс сорлы, омыртқаң үзилип кетер, — деп тур екен. Көзимди ашып қарасам, қәдимги Қанлыбай көсе деген киси. Астына нәҳән бир келини төңкерип қойып, маған қолын созып тур. Аң-таң болдым. Мен оған ерегискендей тағы да жоқарырақ өрмеледим. Жыраў әйне ҳәўижине минген екен. Алқымының тамырлары белеўленип, қара терге түсип толғанып отыр. Соның арасында Әбдимурат деген ғарры:

— Ат қашты! — деп даўыслап бир қырынлап жатқанын қойып, орнынан шалғаяқлап турып отырды.

— Кәл баланың өзи бол!

— Бәрекелла-ә!

— «Уллы зибан» ба?

— Мәсўек, жыраўдың жолы ғой!

— Ал ҳә-ә !!

Бирақ, ғаррылардың ғаўқылдысын жыраўдың әтирапты тебирендирген:

Шашгенемди әрман менен тарайын,
Өзим нашар не бир күнге жарайын! —

* * *

Дуз несийбем Байсын елге шашылғай,
Төрт дойнағың ақ сийнеме басылғай, —

Деп азнаған мунлы намасының ырғағы баспалатып жиберди. «Уллы зибан» деп тәкирарладым мен ишимнен. Қыялымда көпшилик ғалаўыт таўып бир-бири менен хошласып атырғандай еди. Алаңлап көпшиликке қарасам, адамлар бир-бирине сүйенип отырып, уйықлап қалғанға усады. Тек жыраўдың даўысы ғана түнниң тынышлығын әткеншектей тербетип, олардың үстинен ҳүким сүрип турғандай еди.

Самал жәўланында кеткен қобыздың сести алысларда жаңлайды. Ҳәттеки, қара талдың салбыраскан жиңишке шақаларының жапыраклары жипек самалдың епкини менен сылдырласып, жыраўдың даўысының ырғағына қосылып, теңселип турғандай сезиледи. Жыраўдың қыр дөгерек әтирапын көзлерин жумып, астындағы еринлерин өкиниш пенен тислеп, ата сақалын шошайтып отырған ғаррылар, ақ жаўлығын бүркенип, еки дизесиниң үстине басының салмағын салып мүлгип отырған кем-кеўил кемпирлер менен үстине барын илдирип, көзлери жаўтанлаған қыз-келиншеклер, жигит-желеңлер қоршап алған еди.

Қәпелимде жыраўдың не айтып отырғанын умытып қалдым. Тап сол ўақытта мен отырған талға арқасын сүйеп, жеңиниң ушы менен көзлерин сыпырып хешкимге сездирмей жылап отырған Тилеўбийке деген кемпирди көрип қалдым. Бул өзи үш баласы урыста хабар-атарсыз кеткен жалғыз баслы кемпир еди. Жақында ғана оның қалтасынан кепкен қумалақларды шығарып алып, бизиң үйде отырып пал ашқанынан хабарым бар. Ҳәтте, сол күни түсте, иргелес қоңсымыз Қәлбийке деген келиншектиң өзи гиндигин кескен бесиктеги баласын шешип алып: «үшеўиниң биреўин қолыма қуўыстыр» деп оң аяқ көтертип, аллаталаға жалбарынғанын да билемен. Бирақ, усы кемпир делбе болыпты, үш-төрт күнликте көйлегин терис кейип жүр екен деген сөзди еситкеннен бери мен оннан қорқатуғын болып қалдым...

Бир ўақытта Бәкирдиң әскерликтен келген иниси оң аяғын аўырсынып орнынан турды да, қасында отырған Қутыбай табельщиктиң қулағына бир нәрселерди күлимсиреп сыбырлап, өзи тамды айланып кетти. Мен оның шыраның жақтысында жарқыраған өңириндеги орденлерине қызықсынып қарадым. Ҳақыйқатында да, буннан онлаған күн бурын өзиниң жыл садағасы берилип атырғанының үстине келген бул жигиттиң аспаннан түскендей аўылымызда пайда болыўы ҳайран қаларлық еди. Ким билсин, урыс тамам болғаннан кейин, Бәкир, пақыр инисиниң бийдәрек кеткенинен гүдикленип садақа берген шығар? Енди мине той! Бирақ, бул тойда Тилеўбийке кемпирдиң нелерди ойлап жылап отырғанынан ол ўақытта мен бийхабар едим. Әлле не ўақытта жыраў айтқанын қойды. Ғаррылардың биразы уйқыдан жаңа турғандай болып оған ақ пәтиясын берди. Көпшилик орнынан турғысы келмегендей ериншеклик пенен әсте-ақырын үнсиз түргелип тарқасты.

Тилеўбийке кемпир кеткеннен соң төменге сыпырылып түстим. Қараталдың ушабасында шымшықлар пырылдады. Арба жол менен көпшиликке қосылып «Тарақлы жап»тың көпирине келгеннен кейин, Алмагүл екеўимиз үйге бирге қайттық.

Әтирап оғада тыныш еди. Аздан соң жағымлы бир жыллы самал ести. Қулан ийек болып, таң саз берип атып киятыр. Күн батар жақтағы аспанның бир шетине барып тырнақтың жасыўындай болып турған ай, бираздан кейин қараңғылық қушағындағы түпсиз тереңликке түсип кететуғындай қылтыйып көринди.

Бир-биримизге өкпелескен адамдай бираз жерге шекем сөйлесип киятыр едик, кәпелимде:

— Қойса, енди уятты! — деген биреўдиң ерке күлки аралас,назлы даўысынан екеўимиз бирден сескенип, боянлықтың арасындағы ағараңлап, созылып атырған соқпақта едирейип турып қалдық. Бизлерге жарысып тынық суўда жылжып киятырған жулдызлар да тоқтады. Өзимниң бойымнан сәл асатуғын жаптың жағасындағы шабылған түбирлерден шыққан, жиңишке ақ тереклердиң жапырақлары самал менен сылдырлап кетти. Жаптың арғы жағасындағы қалың шырмаўықтың арасында қуўрақ шөплер шытырлады. Қорқыныштан көзлери аларып кеткен Алмагүлге қарадым. Ол жылап болып, ойыншыққа алданған кишкене балаларға усап ентигип демин алып маған жақынлады. Пүткиллей қорқып кеттим. Бәринен де бетер, маған қорқыныш салған нәрсе жақында Өтемурат молланың тарабадан қайтып киятырғанда, усы қатарда бир «албаслыны» услап алып, шашынан сүйреп, қызыл шыбық пенен сабалағанлығы ҳаққындағы аўыл-елге тарап кеткен әпсана еди.

— Алпамысың болайын, Гүлпаршыным!

Елжиреген еркек адамның жалынышлы бул даўысы тап түбимизден еситилди. Қорыққанды қойып, түйесиңирдиң саңлағынан сығалап қарасам, Бекманның қызы Әлийма күлимсиреўи менен көзлерин жумып, Бәкирдиң иниси менен сүйисип тур екен. Басындағы орамалы ийнине сыпырылып түсип кетипти. Әлийманың аш белинен қапсыра қушақлаған Бәкирдиң инисиниң жабадай тыртық қолларын анық көрдим. Маған бул қоллар қыздың ушлары тарқатылып, бөксесине түсип турған узын бурымларын мапқы етип гә сыйпалап, гә тутамлап, қалтырап атырғандай сезилди.

— «Албаслы!» — дедим мен сыбырланып.

— Албаслы емес. Әлийма ғой! — деди Алмагүл қорыққанын қойып.

— Даўсыңды шығарма! — деп Алмагүлдиң ийninен қатты шымшып алдым.

Олар сылт етпестен узақ ўақыт үнсиз турды. Соңынан «соқырлардай» жетелесип, қалың путалықтың арасына сиңип кетти.

Бизлер бир-биримизге қарасып үнсиз күлисип алдық.

— Үлкейгенде бизлер қандай болар екенбиз? — деди Алмагүл.

— Бундай болмаймыз, — дедим мен ашыўланыңқырап.

— Онда маған үшпелек соғып бересең бе?

— Соңырақ, күн қызғаннан кейин.

— Мен оқыўға барсам «Әлипбең»ди де бересең бе? Кеше муғаллим келип мени оқыўға жазып кетти.

— Беремен. Бирақ, жыртылып қалған ғой.

— Мейли. «Әлипбе» болса, болды. Киятырып жолдың шетиндеги шелдиң басында шыйратылған пәшектиң гүлине қонып, қанатларын жайып уша алмай атырған бир ақ гүбелекти услап алдым. Бармағымның басына жылпылдақ шаңға усаған бир нәрселер жуқты. Сол ўақытта-ақ оның қанатларындағы қара дақлы сулыў нағыслардың биразы өшип қалды.

— Жибер, ушырып жибер! — деп даўыслады меннен озып кетип, жылғаның жағасында «қойма, қошқарма» жулып жүрген Алмагүл.

— Неге жибереди екенмен?!

— Соңырақ шомылғанда керек болады. «Ақ гүбелек, көк гүбелек, қулағымның суўын т-ө-өк!» — деп тағы даўыслады ол ҳәккелеп турып.

Мен гүбелекти ушырып жибердим. Ол еки адым жерге бармайақ жалп етип бир түп теке сақалға қонды.

Жуўырып «қойма, қошқарма» деп гүбирленип жүрген Алмагүлдиң қасына келдим. Оның ләблеринде таңда сап-сары болып ашылған бир гүл бар еди. Оң қолында тағы сондай бир қысым гүл!

— Күн шығып киятыр! — деп қуўанды ол, қуяшқа қамасып, сығырайған көзлерине түсип турған қап-қара маңлай шашын гүл услаған қолы менен қайырып атырып.

— Гүлиңнин биреўин бер — дедим мен аўзымды қолым менен сыпырып.

— Ол сайлап отырмастан бир гүлди маған узатып:

— «Қойма, қошқарма» дейбер, өзи шыйырылады деп ескертип қойды үйине бурылып баратырып.

Гүбирленип үйге жақынлағанымда шолақ қуйрығын шонтаңлатып, алдымнан шыққан өзимиздиң Ақ тырнақ қолларымды жалап, бойыма шапшыды.

Мен үйге кирер аўызда топыраққа былғанып, шоқылып қалған жамбылшаның ярым пәллесиниң қасында қырампыш болып жулысып атырған еки шөже қораздың қызығына түсип кеттим. Бунның биреўи өзим жақсы көретуғын кептер түсли тас кекил еди. Жемсегиниң тусындағы пәри түсип қалған тағы бир-еки шөже гүйис қайтарып жатырған сыйырдың үстине минип, бир-бирине тәп бергиси келгендей еңкейип тур. Оннан арманырақта бир қара қоңыз топ жумалатып баратыр еди.

Соның арасында апам үйден аўыз қабағын алып шықты да:

— Хә, келдиң бе, сырғыя?! — деди маған көзи түсиўден. — Бузаўды шешип жибер, анасы ийсин.

Жулқынып турған бузаўды босаттым да, үйден басқурға шаншыўлы тебеңли алып шығып, түнде өкшеме кирген тиканди шуқлаўға киристим...

* * *

Оянсам күн тал түс болып қалыпты. Үйде ҳеш ким жоқ. Сандықтың үстиндеги жүктиң басында шаңарақтан түскен күнниң нурына қыздырынып, өзимиздиң тарғыл пышық ериншеклик пенен мәшшийген сары көзлерин қыпылықлатып, қунысып отыр екен. Далаға шықсам апам ағамның камзолын кийип алып жаба менен тандыр отын жыйнап жүр. Үйге қайтып кире сала дастурхандағы наннан сындырып алып сайдың жағасындағы қумлыққа жуўырдым.

Келсем, көп балалар менен қызлар, қыйқыў салып самбырлап шомылып атыр екен. Биреўлери жалаңашланып қумға аўнап атыр. Тағы биреўлери бәленттен пәске сырғанап баратыр. Көйлегимди шештим де, жыңғыл путаға илдирип, сайыз жерде суў серипшек ойнап атырған Алмагүл менен Гүлбазардың тусына келип:

— Суўдан шығың! — дедим оларға буйырып.

— Шықпаймыз! — деп өжетлести екеўи бирден.

— Шығың, ийегиңизге қурбақа қайыз басыпты.

Гүлбазар ийегин бир сыйпалап алды да:

— Шықпағанда сениң әкеңниң суўы ма? — деп қойды, маған суў шашып.

— Онда неге түнде жыраўға барғанда уйқылап қалдың?
— Уйқылағаным жоқ!
— Уйқыладың!

Ол маған ашыўланып, суў серпип қуўып киятыр еди, жағадағы ысып турған шалшық сууды шашыратып, бой бермейтуғын жерден айланып жүзип, қалақ ойнап атырған балаларға қосылып кеттим...

Ойын енди қызған ўақытта гүзар жол менен алыста шошанласып шаўысып киятырған еки атлы, тап бизлердиң шомылып атырған жеримизге пәт пенен келип тоқтады. Хәтте, олардың суўлығын шайнап, соналаған атының биреўи Алпысбай деген баланың көйлек-ыштанын былшыйтып басып кетти.

— Усы аўылдың балаларысыз ба? — деди жаңағы адамның биреўи, қамшысын ериниң басына тықылдатып күлимсиреп.

— Аўа! —деп жабырластық хәммемиз.

— Бәкирдиң үйи қайсы?

— Хә-ә, анаў! Жағадағы қумда шалқасына жатырған Есқабыл орнынан турып қолын шошайтты.

— Инисиниң армиядан келгени ырас па?

— Ырас, түнде жыраў айттырып, той берди.

Балалар тағы ўағырласты.

— Хәзир үйинде барма?

— Үйинде!

— Үйинде емес, азанда Әлийма менен кетти, — деди көйлегиниң жеңин суғынып кийинип атырған Алмагүл.

— Хә, мына қыз жақсы қыз екен ғой. Қалай қарап кетти? — деп Алмагүлди марапатлап қойды жаңағы киси.

— Былай қарап, — деди тоғай бетти силтеп, уялып қалған Алмагүл.

— Тойға киятырсызлар ма?

— Тойға киятырмыз, шомыла бериңлер! — деди олар екеўи, бири-бирине қарап. Сөйтип, Бәкирдиң үйине қарай атларын желдирди.

Олар кеткеннен кейин қыр қалақты қайтадан баслап, күн аўғанда аш болып үйли-үйлеримизге зордан тарқастық.

* * *

Хәр күни азанда сыйырды падаға қосыўға келгенимде сәскелик қуяшқа шағылысып, толқын атқан сайдың көгилдир тынық суўы, мениң балалық қыялымдағы шийрин әрманларымды жағада жуўып атырғандай сезилетуғын еди. Сол ўақытлары сайдың үстиндеги әл-

хаўада шаңқылдасып жүрген қызыл аяқлар менен шағалалар қуйын уйтқытып көтерген қағаздың жыртықларына усап кетеди. Мен қолымды жағама таянып оларға қарап отырғанымда:

— Аспаннын шети боламекен? — деди оғада алысларға аңқаўсырап қараған Алмагүлдиң ҳайраны шығып. — Мен аспанның шетин барып көрсем екен деймен.

— Болады, дедим мен.

— Онда неге жулдызлар күндиз көринбейди?

— Жулдызлар түнде көринеди.

— Оны өзим де билемен, түнде шелектеги суўда да көрдим. Биреўин услап алмақшы едим, суў шайпатылып жулдыздың ҳәммеси жоғалып кетти, — деп ол мениң қарсы алдыма келип турды. Үстиме оның узын көлеңкеси түскенликтен:

— Былайырақ тур, — дедим оған, өзим жылысып отырыўға еринип. Үстиме күн түсип турсын.

— Тоңып отырсаң ба?

— Күнди көрип отырайын.

— Көрсетпеймен!

Ол ерегисип қулашын жайып турып алды. Орнымнан турдым. Ҳә демей арқадағы арпа атызлықтағы селдир қамыслықтың арасынан бөденелердиң сайраған даўысы нақма-нақ еситилип дөгерек жаңлап кетти.

— «Пытпылдық, пытпылдық!»

— Булардың услатпайтуғынын қәйтерсең, — деди Алмагүл бөденелер сайрап турған тәрепке қызықсынып қарап.

— Биреўин услап берейин бе?

— Жүр, қәне?!

Екеўимиз шелдиң үсти менен жуўырысып баратыр едик, тап түбимизден бир бөдене «пыр-рр!» етип ушты да кетти. Жақын жердеги ақбаслықтың арасына түсти. Қуўанышым қойныма сыймай изинен жуўырып баратырсам, бүршикли бир түп ерманы жыңғылдың астынан шөжелерин ертип, әллеқандай мәкийен қырғаўыл сүмең ете қалды.

— Алмагүл, қырғаўылдың шөжелерине қара!

Мен оларды жән-жаққа, пыт-шытын шығарып қуўдым. Соның арасында дөгеректеги ажырық аралас қалың шөпликтиң арасында, көзге көринбейтуғын шүйкилди көбейип кетти.

— Қайда? Ҳеш нәрсе көрмей турман.

— Үндемей тур!

Шүйкилди тағы басланды. Әсте ақырын жүрдим де биреүинин түбине келип, аяғымды еплеп басып турғанымда, мәйектен шыққанына бир-еки күн болған қып-қызыл алысып баратырған шоққа мегзес бир шөжениң, мамық пәрлери жантақтың арасында жылтылдап кетти. Көзимниң қызғаны соншелли, мен оны тирилей услап алмақшы болып ҳәр жерде бир қармаланып, топырақ қамтымлап жүргенимде, бийшара шөже абайсызда аяғымның астына түсип тапланып аўзын бир ашты. Отырып үңилип қалдым. Шөжениң топырақ түскен көзлери жасқа толып жумылды.

— Неге өлтирдиң?! Үлкейгенде қораз болар еди. Еңсемде турған Алмагүлдиң даўысы жыламсырап шықты.

— Билмей қалдым-дә, болмаса...

— Билмей қалған шығарсаң, жүдә! Сен ҳәш нәрсени де аямайсаң.

Алмагүл маған көзлерин алартып қарап, гүлин аўзына салды да бир өзи үйге қайтты.

Сол күни түске шекем басқа шөжелерди таппай зер-зебилим шығып, үйге қайтып келдим.

* * *

Аўылымызда әжайып гүз басланды. Мектепке қатнайтуғын жолымыздың еки бойындағы жазы менен жап-жасыл бөриктей болып туратуғын тутлардың жапырағы төгилип, шақалары сыйдамланып қалды. Сол жылы ерте түскен қыраў егинлерди жалпайтып «урып» кетти.

Бир күни пал шиңгирик сорып, шелдиң жағасындағы кендирликтиң арасы менен киятырып, абайсызда ғарбызға тайып жығылдым. Шайқатылған кендирлер әтирапқа хош ийис таратып, шыжылдап төгилди. Табақтай ата басының биразын ҳәкке шоқып кеткен шимишке пақалға асылып орнымнан турдым.

Гейде гүзде сондай бир ашық күнлер болады, ҳәтте ериксиз түрде бәҳәрди еслеп турғаныңды өзиң де билмей қаласаң. Қарықтың шетиндеги баспақ кемирип таслаған теңкейген асқабақлар менен мазалы мүррик түйнеклерди де умытасаң. Бирақ, бизиң дәлиздиң пәтигиндеги жуўан арғытқа жапсарлана салынған бир қосуўыс шигиттиң қарамындай уясына қарлығашлардың келмейтуғын болып кеткени, мени көбирек ҳайран етер еди. Қайларға кетти екен?!

Бәҳәрде олар екеў болып келди де, алыстағы каналдан машақат шегип, бир түйирлеп ылай тасыды. Жазы менен палапанларына бир тамшы суўды аўзы менен тасыған қарлығашлардың мине, гүзде жоқ екенин мен бүгин абайладым.

Буннан бир неше күн бурын олардың азан менен оянып, үстине гөне қылқа тон таслаған мүйештеги кесе сырыкқа дизилисип қонып алып, сайрап отыратуғынын көретуғын едим. Енди жоқ. Ҳәтте, гүлден-гүлге қонып жүрген гүбелеклер де ушты-күйди жоқ болып кетти. Ҳәрдайым түстен кейин мектептен қайтып киятырғанымда жаптағы қалғынды суўдың үстинде ызғып жүрген ҳәррегенлерди көремен.

Бир рет тал түсте, үйдиң алдындағы ылай қәндектен қазылған құдықтан баспақты суўғарып болып, наўаның бир шетине минип ысқырып отырсам, тамының басына минип, бизиң үй бетке қарап турған Алмагүлге көзим түсти. Өзи ҳеш нәрседен бийхабар адамдай, қаўынның пәллесине қатырылған шопақларды биримлеп шағып тур еди. Қәпелимде бизиң үйдиң күн шығарындағы тақырлықтағы тандырдың жанынан қуйын көтерилди. Бой жүўерилер ийримленип жапырылып, қаңбақлар аспанға ушты. Көзди ашып жумаман дегенше қуйын тамның басында турған Алмагүлдиң үстиндеги жасыл көйлегин шешип әкететуғындай жулқылады. Пәтли самал оны қара үйиниң шыпта түңлигин бир көтерип таслады, уйтқыған шаң дөңгеленип бет алды жөнине кетти. Алмагүл көзлерин алақаны менен бастырып отырып қалды.

Баспақты қаўын атыздың шетине арқанладым да, шертектиң қыспағындағы гешкиртти алып, Алмагүлдиң үйиниң қасына келдим. Ол еле тамының басында отыр еди.

— Қайда баратырсаң? — деди ол мени көриўден көзлерин уўқалап. Сөйтти де өзи пәрдийўалдың ернегинде аяқларын салбыратып-жайғасып отырып алды.

— Төменге түс, көзинди ушықлап жиберейин, — дедим мен.

— Оның менен болмайды. Сен зәңгини усла, түсип алайын.

Мен қыйсаңлап турған зәңгиге жармастым. Ол көйлегиниң етеги менен қоса тыржыйып қатып қалған, шопақ қатырылған пәллени аўзына тислеп түсти.

— Мынаны услап тур! — деди ол зәңгиниң төменги текшесине жеткенде.

Ол маған торнабаттың пәллесин услатып, үйине зымп етип кирип кетти. Мен үш-төрт шопақты шағып боламан дегенимше үйинен шуўмақлаўлы, тоғанағы бар арқан алып шыққан Алмагүл:

— Жүр! — деди маған өзи жол баслап.

— Қайда барамыз?

— Мен шөпшек теремен, сен...

Кетип баратырып шопақ қатырылған пәллени сындырып, екеўимиз бөлисип алдық. Жапты жағалап, урықлықтың арасындағы соқпаққа түстик. Жапта суў жоқ еди. Қатара өскен қыйсық жийделердиң биразының тамыры қап-қара болып көринип қалыпты. Ернектеги аппақ поррықлар буўын-буўын болып шийеленисип атыр. Көбисин мал басқылап кетипти. Екеўимиз жаптың ултанына түсип, тағы ырашқа шықтық. Жийде де сырғып отырған бир топар қара торғайлар төбемизден айланып, дүрлеп ушып кетти.

— Торғайлардың ҳәммеси нешеў? —деди ол маған жерге түскен жийделерди еңкейип алып атырып.

— Билмеймен.

— Мен де билмей қалдым. Торғайларды емес, есап-китабымдағы сымға қонып отырған алты қарлығашқа он үш қарлығашты қосыўды билмей қалдым. Бүгин муғаллим әўмелексең деп урысып таслады. Мен әўмелекпен бе?

— Әўмелек емессең.

Пәлледеги шопақлардың бәрин сытып алып Алмагүлдиң бир алақанына он үш шопақты, екинши алақанына алты шопақты бөлистирип санап салдым да;

— Енди екеўин қос! — дедим билгишсинип. —Ҳәммесин қосып қайтадан сана?

Ол қайтадан бирден баслап санаўға киристи. Мен жийдеге өрмелей басладым.

— Он тоғыз! — деди ол маған бир ўақта жоқары қарап турып. —Бирақ, булар қарлығаш емес, шопақ ғой, — деди ҳайран болып.

— Шопақ болса да қосқаның дурыс болса болды.

Ол ойланып қалды. Аздан кейин ол шөпшек териўге кетип баратыр еди, мен оны тоқтатып:

— Арқаныңды берман ылақтыр, — дедим қолымдағы гешкиртти жерге таслап.

— Не қылажақсаң? — деди ол жаптың ултанында турып таңланып.

— Әткеншек қурамыз.

— Арқаным үзилип қалады ғой!

— Үзилмейди. Үзилсе жалғап беремен. Бизиң атызда еркек кендир көп. Сен өзиң қыстың күнги сайлаўда адамлардың қәйтип әткеншек тепкенин көрмедиң бе?

— Көрдим!

— Сонда неге бермейсең?

— Мә, ал енди табалдырықты қайдан табар екенсең?

Ол маған шуўмақлаўлы арқанды ылақтырып, жаптың жағасына шығып, маған қызықсынып қарады.

— Табалдырық дейсең бе? — дедим мен ойланып турмастан, — бар да бизиң баспақтың қазығын суўырып әкел. Басқа жерге жылыстырып байларсаң. Мен оған дейин...

Алмагүл гәпимниң изин тыңламастан жуўырып кетти. Мен булдырық болмағанына өкинип, тоғанағын шешип таслалым де, арқанды иймек шақаға байлап салбырата басладым.

Екеўимиз кешке шекем әткеншек уштық. Ол шөпшек териўди, мен жүўери бас қайырыўды умыттым. Бир ўақлары екеўимиз әткеншекте әсте шайқатылып, қызарған темир печтиң қақпағындай болып батып баратырған қуяшты тамашалап турсақ, Алмагүлдиң апасы түбимизге келип қарғысты жыўдырып тур екен.

— Ойыны осылып, асылып өлгир қыршынлар — деди ол, арқасындағы бир қанар ғорегин жерге қойып атырып. — Адамлардың қандай болып жүргенинен хабарыңыз жоқ, сизлердиң. Әткеншек тебесиз-ә!

Секирип түстик. Мен сол ўақытта-ақ қашып кеттим. Атызға келсем үлкен бир түп қара сораны сүйретип, өзимиздиң баспақ дәстелерди жайратып жүр екен...

* * *

Бәҳәр келди!

Жаўыннан соң көпшиген далаларды тәбият өз қушағына орап алды. Ойлы-шуқыр жерлерге ғуж-ғуж болып шыққан дәслепки сораларды көргенбисиз? Ҳәтте, олар өткен гүздеги қазан урып төселип қалған, қалың жапырақлардың арасынан қылтыйып шығады. Сөйтип ең дәслепки, ныш урып көгерип шыққан бул соралар адамның кеўлинде буйығып атырған оғада бир нәзик сезимди оятады. Әлле қандай бир нәзик ийис сизди еритеди. Көкирегиңизди толтырып еркин нәпес алғыңыз келеди.



RESPUBLIKALI'Q
MA'LIMLEME-RESURSLI'Q
WORAYI
INV № 87315

Бәҳәр келди!

Ылай суўлары таўланып ағып атырған жап-салмалардың ернеклерине төбендей көклер шығып, олардың самалға төселип шайқалғысы келеди. Бирақ... Бирақ, самал оны жассынып еркелетип тербеп кетеди. Бөгетлерди жығып кетип, жолларды суў алады. Атызға ашылған айдын-айдын суўлардың үстинде шәңкилдеген сансыз қуслар пайда болады. Алыста еки шалғайын қайырып алып, қуяшқа шағылысқан, жарқылдаған бели менен бөгет шаппатлап атырған дийқанларға қарап турыў не деген рәҳәт десеңизши! Бундай мәҳәллерде сүдигарда аўданлап жүрген ғарғаларды үркитип, алысларға жалаң аяқланып жуўырғың келеди... Жаўыннан кейин тарқаған аппақ-аппақ бултларды қушақлағысы келеди, адамның!

Бәҳәрде дәрьяның ғырра жағасындағы бәлентликке шығып, көйлегиңиздиң сәдебин жаздырып турғансыз ба?

Нәўбәҳәр келди!

Қыстың күнлери қардың үстине шашылған кепеклерди ғәриби шығып шоқып отыратуғын боз торғайларды, енди аспанда көресең. Олар азаннан баслап кешке шекем бәҳәрдиң келгенин қутлықлап атырғандай кең әлемди жырға толтырып сайрайды.

Ашық күнлердиң бири еди. Бир сапары оқыўдан киятырғанымызда мен олардың биреўиниң аспанға әсте-ақырын сайраўы менен пәл-пәллеп көтерилип баратырғанын көрип қалдым.

— Анаған қара! — дедим қасымдағы Алмагүлге бурылып.

— Не? —деди ол ериншеклиги тутып жүргиси келмей киятырғанлықтан.

— Боз торғайды айтып атырман.

— Булардың өзи шаршамай ма екен? — деди ол жолдың шетине отырып.

— Шаршайды. Шаршағанда да силейип шаршайтуғын усайды. Бизиң ағамның айтыўына қарағанда, барлық торғайлар сайрап-сайрап шаршағаннан кейин жерге түсип, еки аяғын аспанға көтерип жататуғын көринеди.

— Неге?

— Үстиме аспан түсип кетеди деп қорқатуғын усайды.

— Сонда ол еки аяғы менен аспанды тиреп турама екен?

— Тиреп турады.

— Өтирик! Ертең муғаллимнен сорап көремен.

— Муғаллимнен басқаның гәпине исенбейсең бе?

— Исенбеймен. Муғаллимлер өтирик сөйлемейди.

— Ҳәзир мына торғай түскеннен кейин көремиз.

Аспанға қарап отырмыз. Торғай түспеди. Әлле не ўақытта торғайдан да жоқарыдан еки қанатлы самолёт ушып өтти.

Самолёт көринбей кеткенше қарап турғанымызда бағанағы торғайдың қай жерге түскенин билмей қалыппыз. Күн батыўға арқан бойлы қалып еди. Жолдан шығып кетип, путалықтың арасын изледик. Бир неше бозторғайлар ушты, бирақ олардың ҳешқайсысы да шалқасына жатпаған еди.

Екеўимиз ерегисип күнди батырдық. Тоғайдың ернегине келгенимизде геўгим түсти. Жармысты жағалап аўылға тарттық. Қарсы алдымыздағы қалың бүктиң арасында сағаллар улыды. Алмагүл қорқып маған тығылды.

— Урықлыққа от берейин бе? — деп сыбырландым оның салбыраған тулымшағына бетимди тақап. — Сағаллар оттан қашып кетеди.

Ол үндемеди.

— Ҳешкимге айтпайсаң ба?

Тағы да үнсиз басын шайқады. Әлле неге кеўлим тасқынлап кетти. Томпайып турған папкама қолымды суқтым. Бағана апамның айтыўы бойынша оқыўдан қайтып киятырып еки бөлек көк шайға қосып алынған шырпылардың биреўин суўырып алдым да, жолдың шетине еңкейип, шырпыны «пыз-з» еттирип, қуўрақ шөпке тийгизиўим мәттәл, бүк басқан қоңыраўлы шеңгеллер лампамай қуйғандай лаўлап алысты. Буйраланған көгис түтин самалдың ығына қарай бағдар алып, аспанның күн шығар жийегиндеги бултқа тутасып кеткендей болды. Шеңгелликтиң арасындағы қақайысқан қамыслар жапырылып, сулап атыр. Жалаңлаған қызыл жалын барған сайын жоқары көтерилди. Шөплердиң сытырлысынан сағаллардың даўысы еситилмей қалды. Геўгим қараңғылығын жақтыртқан ушқынлар пысқыған түтинге араласып аспанда «жүрип» сөнеди. Тутасып баратырған оттың алдындағы қалың жигилдиктиң арасынан ушқан ҳәккелердиң даўысы тап бир неше темирши усталардың бир жерге жәмлесип алып орақ тисеп атырғанын еслетер еди. Қыялымда ҳәр ақшам усы жигилдиктиң арасынан шығып, аўылдың түбине келип улы-шуў, қум-қуўыт болып улыйтуғын сағаллардың биразы түтинге туншығып, үйтилип өлип атырғандай сезилди. Ҳәўлирип қуўанып кеттим. Оттың сағымынан гейде тамлардың айналары жарқырап кетеди. Адамлардың биразы ғаўырласып үйинен шыға баслады. Олар

бәлент жерлерде турып, қаплап киятырған өртке қарап хайран қалысты. От берген адамның ким екенин билмей, «жети ата-бабасынан» қайтарды. Хәтте, оларға бизиң ағам да араласып кетипти. Ағам от басқан адамның аўҳалының шатақ болатуғынын, ертең азанда бажбанның өзи келип, ол адамды қалай болмасын таўып алып, жуўапкершиликке тарттырып жиберетуғынлығын адамларға бармағын шошайтып түсиндирип атырғанда, мен таса-таса менен келип үйдиң алдында үйиўли жатырған жыңғыл томардың үстинде отыр едим.

От аўылдың тусына келип адамлардың зәрресин алғанда, қатынлар шуўлап қоя берди. Жарқыраған ушқынлар жармыстың аржағынан ушын келип аўылдың үстине түсе баслады.

Үйинен кетпенин ийнине салып шыққан Әбдираман шәддес деген ғарры:

— Қойыңлар, хәй барың үйлериңе! Қуда қәлесе хеш гәп болмайды. «Алла тала от ишинде пахтаны аман сақлаған» деп хәммени тынышландырғысы келгендей жиңишке даўысы менен бақыра баслады. Ол кетпенин шолтаңлатып қатынларды кейин серпилдирди де, өзиниң кемпирин арқасынан түйгишлеп үйине киргизип жиберди. Салы атыздың тусына келгенде жалын пәсейип барып тағы қалың тоғайға тутасып кетти. Адамлардың кеўили питегене парасат табайын деди. Тап сол ўақытта Ералы ағай қостың ишинде турып бар даўысы менен шийдектиң үстине жайылған деңгенениң еки төбесин ийт тартып кеткенин айтып бақырмағанда, ғаўырласқан адамлардың еле де тура беретуғыны сөзсиз еди. Көпшилик бирден хаўлығып артына серпилди.

Ғалаўыт басланды:

— Терисин де сүйреп кетипти!

— Самардағы ишек-қарын қайда?!

— Ўәй әкеңнин!... Өтемистиң ийтин өлтириў керек!

— Ералының ийти де жалаңқая!

— Ийтлердиң бәри де ылығып жүр!

— Барлық бәле Қаңлыбайдың қаншығында десең-ә!

— Хәмме өртке қарай бермегенде не қылады?!

— Ийт тийген гөшти қазанға салыўға болмайды!

— Мутлақы харам! — деген қостың ишиндегилердиң даўысы аўылдың ишиниң азан-қазанын шығарды.

Мен үйге кире сала оқыў китабыма үңилдим. Сүт писирип атырған апамның мениң менен иси болмады. «Пышық хәм

тышқанлардың урысы» ҳаққындағы дәстаннан үзиндини ядлаўым керек еди.

Бир тышқан гүзеге минип турып,
Дембе-дем есирип арак ишеди.

* * *

Дүньяға келмеген мениндей тышқан,
Ҳәтте, жығалмайды, Рустемдей палўан!

Буннан басқа қатарлар оңлап есимде қалмай атыр. Барлық дыққатым даладағы шаўқымда еди. Бир мәҳәли ағам есиктен асығып кире сала:

— Қәне, ҳаял, қазанды атландыр! — деди апама буйырып. — Ҳарам болса да өзине, ҳадал болса да өзине. Түбинде гөш болса болар. Гүртикти бой жүўериниң унынан сал, бир ала туўрама етейик.

— Оне дегениң?

— Деңгенедегилер ийт тийди деп еди. Жуўыңқырап сал?!

Сөйтти де гөш оралған шаршыны апамның алдына дүрс еттирип таслап:

— Сен қайда жүрсең, далаға шығып атқа бир баў пишен таслап кел, китапты оннан соң оқый берерсең, — деди маған бурылып қарамастан, етигин шешип атырып. Мен шығып кеттим...

Далаға шығып тамның басына минсем, өрттиң тәсийиринен күн шығар тәреп лапламайдай қызыл сағымға боялып кетипти. Тоғайлықтың үстинде ғарғалардың ғақылдаған даўысы еситилди. Мени енди қорқыныш бийлеп алды. От басқанымды Алмагүл биреўге айтып қоймағай деп тилек тиледим. Жатқаннан кейин де бул ой маған тынышлық бермеди...

Ертеңине азанда мектепке баратырсақ, өрттиң орнында терек-лердиң түбири еле пысқып атыр екен.

— Енди сағаллар келмейме? — деп қойды бағанадан бери сөйлемей киятырған Алмагүл кеўилленип.

— Келмейди, — дедим мен оған жалынышлы көзлерим менен қарап.

Жолдың еки бойындағы көп жерлер жанып, қараўытқан төбеликлер, гөне тамлықтың орны, қаўын қарықлар анық көринип қалыпты. Шала жанған жигилдиктиң уша басындағы ҳәккениң

уясына қалайынша от тиймей қалғанына ҳайран қалдым. Бир тасбақа гөне салманың ишинде шалқасына түсип өлип қалыпты. Шеңгелдиң басына өрмелеген әлле қандай жыланның қуўырдағы шығып илинип тур. Оның қасында үлкен бир түп қара талдың түбири ашшы түтинин бурқытып сасып атыр еди.

Кетип баратыр едик, Жылғаның ишинде еңкейип, гүрбенлеп атырған Өтемис аткөнекке көзим түсти. Оның алдында үлкен бир нәрсе гүмпийип жатыр еди. Жақынлап тусына келсек, бригаданың ортаң қолдай үш көлигиниң бири — қәдимги жийрен ат. Ишим ғым етип, қорқып кеттим. Өтемис бизлерди байқамастан, белиндеги орағын алып аттың тусаўын қырқып таслады да, қуйрығынан қос қоллап тартып оны шалқасына түсирди. Ат ҳарам өлген еди. Алмагүл маған аларып қарады, мен жерге қарадым. «Аяғында тусаўы болмағанда оттан қашып қутылар еди» деп ойладым мен. Сөйтип кеше ғана бул аттың шондысына бир ҳәккениң қонып отырғанын көз алдыма келтирдим.

— Жүр, жүр! — деди Алмагүл бир ўақытта. — Кешигип қалдық ғой.

Үндемей оның изине ердим. Мектепке келдик. Екеўимиз бөлинип классларымызға кирип кеттик. Ҳәр саат сайын қоңыраў қағылып далаға шыққанымда, Алмагүлдиң бетине жалтаң болып қарайман.

* * *

Сол сапары Алмагүлдиң себебинен айыбым ашылмай қалды. Бирақ, бир нешше күннен кейин бул әтирапта хеш нәрсе болмағандай өртеңниң орнын дизден келетуғын желкилдеген көк шөп пенен сүйрик қаплап кетти. Жаўыннан соң бундай жерлерде болып көргенбисиз?! Аңқыған көк шөптиң ийиси зейниңди ашады. Ентигип дем алғың келеди. Гейде гүзги қырмандағы тозаңғыған пахталардай бултлар қуяштың жүзин көлегейлеп, тағы да ашылғанда әлемнен төгилген ашшы нур жаныңды рәҳәтке бөлейди. Жапырақларда моншақтай жылтыраған жаўынның тынық тамшысына қамасқан көзлериңизди қысыңқырап қарап, қыялларға батасыз... Самал көйлегиңизди, шашларыңызды тартқылайды. Ҳәр жер, ҳәр жерден әбигерленген гүбелеклер елпенлеп шығып, соңынан олар ызғып кетеди. Усындай күнлердиң бириндеги Алмагүлдиң келбети еле мениң көз алдымда. Оқыўдан қайтып киятырып екеўимиз сүтилмек терип, жылғаның жағасындағы көк шөптиң үстинде «қарағай урыстырып»

отыр едик. Бирден оның көзлери сайдың ишинде отлап жүрген қозыларға түсти.

Бир қысым сүтилмегин таслай сала ол орнынан турды. «Мениң қозым!» —деди ол қуўанғанынан жуўырып баратырып. Жалаң бас, еле өримге келмеген шашлары желкилдеп, кишкене көк шийразы қозыны қуўып баратыр. Бир мәҳәли ол қозыны услап алды да құшағына басып, мен отырған жерге жақынлады. Қозының аўзында еле жеп үлгермеген көк шөп бар еди.

— Жибер отласын! —дедим мен даўыслап.

Алмагүл мениң жаныма ентигип келди де:

— Үйге алып кетемен. Сағаллар жеп кетеди, — деди қозысын құшағына басып.

— Кеше буны ағам сойып тасламақшы болғанда, өкирип жыладым.

— Неге?!

— Неге саған! Көрип турсаң ба? — Ол маған өкпели пишинде қарады да қозыны жерге түсирип, китапларын жыйнастырды.

— Кетейик! Бизлер жүрип кеттик. Елеўлеп турған қозы маңырап изимизге шапқылап ерди.

* * *

— Үп-үлкен қызсаң, ҳеш нәрсеге ебетейиң жоқ. Ертеңги күни не қыласаң?

— Өзим билемен, апа!

— Әне! Сени усы өзим билемен қуртады. Қыз бала дегенниң ҳәр нәрсеге зийрек болғаны жақсы. Ал сен ғой көйлегиңниң оңы-терисин билмейсең.

Алмагүлдиң үйине жақынлағанымда апасының оған не жөнинде ескертиў жасап атырғанына түсинбедим. Иркилмей өтип кеттим. Изиме ерип киятырған Бийбихан оның үйине қайырылып қалды. Көпирге келгенде сәл тосаңлап, иркилип қалдым. Изимнен жетип алған Алмагүлге:

—Үп-үлкен қызсаң, ҳеш нәрсеге ебетейиң жоқ! — дедим ойын ретинде оның ашыўына тийиңкиреп. Мен оның еркелеп турып ашыўланғанын жақсы көретуғын едим. Бирақ, ол бул рет ашыўланбады. Керисинше гүриштей тислерин маған көрсетип күлип:

— Өзим билемен, — деди тағы да.

— Ҳеш нәрсени де билмейсең.

— Билемен.

— Биледи, — деди Бийбихан оған болысып.

Нелиптен де Алмагүлдиң усындай өжет минезин буншелли жақсы көретуғынымды өзим де билмеймен. Гейде тап усының өзине усаған бир қарындасым болса екен деп әрман етемен. Ал, бизиң Бийбихан болса, сирә Алмагүлге усамаған. Быйыл биринши класска қатнап, бул да бизлердиң изимизге еретуғын болды... Бирақ, Алмагүлдиң Бийбиханды меннен де жақсы көретуғынлығына ҳайран қалатуғын едим. Жолдағы үлкен салмалардан арқалап өтип, басы бәлеге қалып жүргени. Мен Алмагүлдиң өзинен киши үкеси болмағанлықтан, солай ететуғын шығар деп ойлайман. Ямаса өзиниң елгезеклиги ме екен? Бурынлары Алмагүл екеўимиз ақ талдың астында ертек айтысатуғын едик. Сол жыллары оның жасы Бийбиханнан артық емес еди. «Мысқал айым» деген хан қызы ҳаққындағы ертекти Алмагүлдиң жақсы билетуғынлығы мени қызықтыратуғын еди. Оның ертеги таўсылғаннан соң:

— «Тамбасына тары жайдым», — ол не? — деп сорайман мен оннан.

— Оны ким билмейди дейсең, жулдызлардағы деп тақылдайды. Соңынан өзи қыялларға берилип:

— Жулдызлар неге түсип кетпейди екен? — деп сорайды меннен шын ықласы менен.

— Түспей не қылады. Сызылып ағып түскенин көрдиң бе?

— Көргенмен. Бирақ, олар неге жерге былш етип түспейди екен? Ҳәзир биреўи түссе екен, барып көрер едик.

Буннан кейин екеўимиз тым-тырыс болып аспанға қараймыз. Жылт-жылт, жылт-жылт... Дурысында адамды қыялларға батыратуғын бул жылтылдының сырын түсиниў бизлерге қыйын еди.

Бир рет Алмагүлди таң қалдырыў ушын апамнан жалынып отырып жаңылтпаш үйренип алдым. Ол қалай десең-ә:

Қораз коразды көрип,
Қоқақласмақладирмиш,
Суўпы суўпыны көрип,
Сәллесин ырашқа,
Қоймакласмақладирмиш,
Бир суўпыға кесек тийип кетип,
Бәрше суўпы уай-уай,
Салмақләсмақладирмиш!

Алмагүлдиң усыған көп күнлерге дейин тили келмей жүрди. Айтады да күледи. Деген менен былтырдан берип үлкен жолға келип, көп балаларға қосылып, мектепке баратырғанымызда, бизлер Алмагүл екеўимиз бир-биримизди танымайтуғын жат адамларға усап кеттик. Бүгин де солай болды. Әсиресе, жақыннан бери оның бизиң Бийбиханға китапларын услатып қойып, ер балалар менен айқасып, суў шашып ойнайтуғынын жақтырмайтуғын болып қалдым. Мектепке жақынлаған жердеги жаптағы паяпыл емес бәле болды. Алды менен аржағына өтип алғанлар паяпылға енди аяғынды қойғанда гелледей кесекти төбесинен асырып суўға таслап жибереди. Усы жерде улы-шуў, қум-қуўыт басланады. Алмагүл усы жерге келгенде ҳәммеден руқсат сорап, алды менен Бийбиханды арқалап өткерип алады да, оннан соң бул ойынды биринши болып өзи баслайды. Шынын айтқанда оның ер балаларға жақ жарыстырып дегишкени, мениң ашыўымды келтиретуғын еди. «Неге бул өз қатарындағы қызларға қарамайды екен?» деп қояман ишимнен. Бирақ, мениң бул ашыўланғанларым Алмагүлге бир пул еди. Мен оны жақсы көргенликтен шынын айтқанда, ҳәммеден де қызғанар едим. Бирақ, бул қызғаныш отының соңынан лаўлайтуғынына ол ўақытта ақылым алыспаған екен...

Бәлки бул жыллар даўамына мудамы бир жол менен мектепке қатнағанлығымыздан солай болған шығар? Мендеги бул қәсийет әсиресе, тоғызыншы класста оқып жүрген ўақтымда айқын сезиле баслады. Инанасызлар ма, егер Алмагүл бир күн мектепке бармай қала қойсама, мен оның кешеги басып кеткен излерин соқпақтан излестиретуғын едим. Оның излерин тек үлкен жолға келип қосылатуғын соқпақта ғана көремен... «Басқан излерине аяқ излерим, ала көзлериңе қара көзлерим»... Кеўлимде сайрап атырған сол қәдирдан сағынышлы соқпақта тап ҳәзирге дейин Алмагүлдиң излери еле жайнап атырғандай көринеди. Ҳақыйқатында да, адам өзиниң жүрегинде терең белги қалдырған нәрселерди қаншама әпиўайы болыўына қарамастан умытпаса керек! Бир рет қатты қысынысқа түскеним еле ядымда. Бирақ, барлық бәле өзимнен болған еди. Азанда ертелеп үйден шықтым да, бир өзим мектепке тарттым. Киятырып бизиң аўылдың гүллән балалары өтетуғын «Тарақлы жап» тағы паяпылды қопарып алып, жаптың аяғына ығызып жибердим. Буны тек Алмагүл ушын ғана ислеген едим. Ақыры ол қашанға шекем суў шашып ойнайды! Сол күни барлық

балалар менен қызлар алыстағы көпирден айланып өтип, мектепке бир саат кешигип келди. Үш күннен соң мектептеги комсомол шөлкеминиң органы «Билим нуры» диййуалы газетасына түстим. Паяпылды ығызғаныма қосымша, тригонометриядан үлгермейтуғынымды айтып, екилерди қолыма услатып, әлле ким сүўретимди келистирип салыпты. Еки-үш күнге дейин ийин тирескен оқыўшылар диййуалы газетаға мойынларын созып, езиўи қулағына жеткенше ҳәр тәнепис сайын мениң үстимнен күлисип жүрди. Ашыўымның келгени сонша мен ҳәттеки, диййуалы газетаны жыртып тасламақшы да болып жүрдим.

* * *

— Алмагүл!

Ол артына жалт қарап күлимсирегенде, ушларына қызыл лента тағылған бурымларының биреўи алдына түсип, мойнына оралып қалды.

— Не-е-? — деди ол даўысын созып еркелик пенен.

— Не ойлап турыпсаң? — Ол қолындағы қара талдың жапырақлы кишкене шыбығын ағын суўға түсирип жиберди. Ийрим оны шыр гүбелек айландырып кетти. Қыз узын кирпиклерин қыпылықлатып, оның изинен қарап турып:

— Адам неге ағын суўға қараса, ойланып қалады екен? — деди маған қарамастан.

— Ҳеш нәрсе ойлап турғаным жоқ дегениң қайда?

— Ол арман қарап турып ийинлери селкилдеп күлди. Оның буншелли сүйкимли болып турғанын мен ең дәслепки ирет көрип турғандай едим.

— Оқыўға кетпекшимисен?! — Қыз қасларын үйирип маған қарады.

— Оны ким айтты?

— Бийбиханнан еситтим.

Ҳайран қалдым. Он жыл оқыған мектеп пенен ең соңғы мәртебе хошласып киятырғанымдағы бул хабарды Алмагүлдиң билгенлиги мени қуўандырып жиберди. Ойланып қалдым. Ойланғанда да Алмагүлдиң жоқ жерден сылтаў тауып бул жерде турғанына ойландым.

— Оқыўға кетемен, — дедим мен кеўлим тасқынлап. Аттестатымды оған көрсеттим. Қыз үнсиз төмен қарап оған үңилип қалды...

* * *

Хеш нәрсени ойламаған балалық жылларым изде қалып, мектеп маған турмысқа жоллама бергенде әйне он сегиз жасымда едим. Хәр қашан да адам өз әтирапында әсте-ақырын болып атырған өзгеристи сезбей қалады екен. Өйткени, тау кәнлерин изертлеў институтына документлеримди тапсырып, «қырғын» конкурстен өте алмай аўылға қайтып келгенимде, қызғыш бир тартар орамалы жигитлердиң көзиниң отын алатуғын Алмагүлдиң талма бойлы қыз болғанын биринши мәртебе аңлағандай едим. Ол жыллары оқыўға кире алмай қайтып келиўдиң өзи үлкен айып еди. Бәринен де бетер ағам қапа болды. Оның мени оқытып «үлкен инженер етемен» деген әрманларын айтсаң-ә? Не қылсын, өзи оқый алмаған. Айтыў шамасына қарағанда, артель жаңа қуралып атырған ўақытлар екен... Бир күни кеңес ҳүкиметиниң атлы үш адамы аўылға келипти. Сөйтип қашарман топ ойнап атырған балалардың хәммесин қашып баратырған жеринен жыйнап алып басына шепек кийген биреўи ўаз айтыпты. Балаларды оқыўға жазыпты. Солардың арасында бизиң ағам да бар екен. Бирақ, буны ағамның әкеси еситипти де, соғып атырған арбасын қойып, аўыл кеңестиң үйине барыпты. Сөйтип өллеқандай бир белсендиге үш батпан гүнжи менен бир ешкисин аўыз бастырық параға берип ағамды «атаң жақсы, енең кәйўаны» менен ҳүкиметтиң оқыўынан аман алып қалған екен. Ал, қалған балалардың биразы Шымбайдағы оқыўға кеткен. Арадан жыллар өткеннен соң биреўлери ҳүкиметтиң жумысына араласып, ҳүкиметтиң нанын жеп «ишши» болған. Хәтте, биреўлери орысшаны суўдай ишип ГПУ диң баслығы болып шалқыған екен. Ал, бизиң ағам болса хеш болмаса өзиниң аты аталған ўақта ведомостқа онлап қол қоя алмайтуғын болып қала берген...

Сол күни шопанлардың бир айлық табелин тапсырып колхоздың орайынан үйге келсем, маған бийтаныс бир кемпир менен бир қыз қыдырып келип отыр екен. Кемпирдиң қолынан алдым. Оннан кейин кемпирдиң артында отырған Бийбихан деген кишкене қарындасымның маңлай шашларын өрип отырған қыз орнынан турып, маған созған қолларын қолыма тийер-тийгизбестен тартып алды да өзинше үлкен айып ислеген адамға усап қызарып кетти. Үй өзимиздики болғаннан кейин, мен өзимди еркин сездим. Кемпир кәтқудалық пенен мениң саўлығымды сораганнан соң апама қарап, бир неше жыллардан берли қатнаспағанын айтып, қапталында төселип

атырған жаўлығының шалғайын ийнине салып отырды. Гәптиң арасында апам маған сын көзи менен бир қарап алды. Ҳайран қалдым. Ҳеш кимге билдирмей бир қыялап қызға көзимди салсам, кирпиклери төгилип, төмен қарап отыр екен. Үйде ағам жоқ еди. Ыссылап далаға шығып баратыр едим:

— Қайда баратырсаң? — деп апам мени тоқтатты.

— Ҳешқайда!

— Мына қонақлар алыстан арнап келип атыр. Ағаңды таўып кел.

Үйдиң алдына шықсам, ағамның өзи бир намаға салып ыңылдап киятырған екен.

— Мыналар кимниң көлиги? — деди ол қазықтағы қызыл көпшикли, қулынлы байталға қарап.

— Үйге бир кемпир келипти екен? Ол маған берген саўалының жуўабын күтпестен, мүйиз шақшасынан атқан насыбайды түкирип ший есикти қулашлап ашып, үйге кирип кетти. Мен егленип турмастан жумысқа жөнелдим.

Кешлетип үйга жақынласам, иштегилери «қудағай ха қудағай» деп ғаўырласып сөйлесип отыр екен. Ҳайран болдым.

— Келиниңизди қолыңызға түсирип алың! Бизлер де қыз узатқан адамға усап қалайық. — Шамалаўымша бул бағанағы кемпирдиң даўысы еди.

— Түсиремиз. Қыз бала ержеткеннен кейин ... — деп бизиң апам гәпке араласты.

Ишке кирсем кемпирдиң қызы гүртиклик қамыр ийлеп отыр екен. Ағам куптан намазын оқып, бир қапталда турып — жығылып атыр екен. Бийбихан пышығын қушақлап уйқылап қалыпты.

— Улмекен, қазанның дузын көрип жибер, балам, — деди бизиң апам жаңағы қызға қарап.

Қыз ушып турды. Кең көйлегиниң етеги дөңгеленип кетти. «Аты Улмекен екен» дедим мен ишимнен.

Азанда барлық ҳәдийсени апамнан еситтим. Бизлер Улмекен екеўимизди бир-биримизге бесикте жатырғанымызда атастырып қойған екен. Шамасы ағам колхоз баслық болып турған ўақтында, оларға көп нәрсе берсе керек. Оннан кейин бизиң ағам илгери жыллары «Порлы таў»дағы үлкен бир тойда Улмекенниң әкеси менен мәселе айтысып, аразласыпты. Сол жерде ол киси қыз бермейтуғын болып шыққан. Сөйтип жүргенде урыстың кесапатынан хәр ким хәр жаққа көшип кеткен екен.

— Әне, сол киси бизиң менен тамыр жаңаламақшы, балам, — деди апам кеўилленип.

— Көремиз! — дедим кемсалыйқалаў ғана.

— Көремизди қой, сен! Әкең болса әйем заманда өткеретуғын қалың малын өткерип қойған. Енди қыздың әкеси қартайғанда мойныма қарыз болмасын депти. Аңсатпа, ақыры, қайтарып төлеў. Өзи молла адам.

— Сонда не қыламыз?

— Қапталына биреўди ертип, қыздың үйине күйеўлеп барасаң!

Тап сол ўақытта көз алдыма Алмагүл келди. Үйден үнсиз ғана суўырылып шығып кеттим. «Бул қалай болды?» деймен өзимше гүбирленип. Усы ўақытқа шекем бул ҳаққында маған еситтирмегени неси екен? Қыял қушағында толқып кеттим. Көз алдыма еки қыз: бири Улмекен, бири Алмагүл. Салыстырып көрип баратырман. Кеўлимде Алмагүлдиң орны бир бөлек. Буннан еки жыл бурын мектептеги драм-кружокта өзим менен дәсме-дәс қосық айтысып жүрген Алмагүлди хеш бир қыз бенен салыстырыўға болмайтуғын еди. Қосықты дәслеп Алмагүл баслайды.

— Суў бойына барған жигит,
Суўға нәзер салған жигит,
Билезикти алған жигит,
Алсаң бергил билезикти.

Дегеннен кейин изин ала мен:

— Суў бойына барғаным жоқ,
Суўға нәзер салғаным жоқ,
Билезигинди алғаным жоқ,
Алған берсин билезикти. —

деп мойынламайман.

Ол ўақытта мен бул қосыққа онша әхмийет бермейтуғын едим. Енди ойласам қандай да бир қыз, суўға шомылған жеринде билезигин умытып кетип, оны өзи гүман еткен бир жигиттен көреди екен. Қәнекей енди, қызлар отырған жеринде билезигин, жүзигин, сырғасын умытып қалдыра берсе, оны өзлери жақсы көретуғын жигитлер таўып ала берсе. Ҳәзир ондай умытшақ қызларды таба алмайсыз. Керисинше, олар жигитлердиң умытып кеткен нәрсесин таўып алады... Сөйтип бетине басады... Уялтады...

Бир неше күннен кейин үйдиң ишин наразы етпеў ушын қасыма Есқабылды ертип, Улмекенниң аўылына барып қайттық. Бирақ, мен сол сапары үйдиң ишиниң кеўлин тапқан менен ал, Алмагүлди наразы етип алғаныма пәмим жетпеген екен. Адам гейде биреўлердиң кеўлине жетемен деп жүрип, тағы биреўлердиң кеўлин қалдырып алатуғынын өзи сезбей қалады. Соңлықтан жақсы адамыңнан кеўлиң бир қалса, қайтып бетине қарағысыз болатуғыны да усыннан! Бирақ, турмыста жақсы адамлар көп. Олар кеўлиндегини айтпай-ақ билип алады. Бәлки, «кеўил-кеўилден суў ишер» деп усыны айтатуғын шығар?

Улмекенниң аўылынан келген күнимниң ертеңине-ақ аўылға әңгиме таралып кетти:

— Мырзабай жақында қыз әкеледи емиш!

— Мырзабай той береди емиш!

— Алмаса өзлери әкелип береди емиш!

— Алмагүлди Қасым айттырыпты!

Бул гәплердиң ҳеш қайсысы да қулағыма жақпайтуғын еди. Әсиресе, соңғы сөзди еситсем, жүрегимде қызғаныш оты лаўлап кетеди. Бизлер Улмекенниң аўылына кетпестен бурын-ақ, Қасымлардың Алмагүлдиң үйине келгени ырас еди. Сол күннен баслап, «сыртым жалтырап, ишим қалтырап» жүретуғын болып қалдым. Бурында бизиң үйге ешейин нәрсе сылтаўлап тез-тез келип, апама жәрдем берип туратуғын Алмагүл бул күнде көринбей кетти. Түнлерде қыял қушағанда муңайып толғанаман. Алмагүлге қарағанда шырайлы ат жақлы бир бойшаң, үндемейтуғын Улмекен көз алдыма келеди. «Қасым сени айттырып барсын, сен соның менен мәмле бола қойшы берекет тап» деп жалынаман ишимнен Улмекенди жек көрип. Соң Улмекенниң орнында маған бултыйып қарап барлық ашыўын меннен алғысы келип турған Алмагүл пайда болады. «Жақынырақ кел» —деп жалынаман оған. «Кимниң аяғына жип тағып ойнайсаң!» деп қалшылдайды ол. Сөйтип өз-өзимнен ағама наразы боламан. Неге солай иследи екен? Я мени үйленбей қалады деп ойладыма екен? Енди қарасам келешекте өз перзентиниң ғамын ойлаған ата-ананың не жазығы бар? —деп қояман. Бирақ, гейбир ата-ананың муҳаббат саўдасын өз басынан кеширип болып, енди өзлериниң ул қызларына қарағанда олардың бахты ҳаққында терең ойланбайтуғынына хайранман. Бәлки, олар бири жигит, бири қыз болған күнлериндеги жаслығын умытып кететуғын шығар? Бәринен бетер қызлардың

ерки менен есапласпай үйлениў, жигитлер ушын кеширилмейтуғын қәтелик!...

* * *

Қаўын-ғарбызлар ғарқ болып писип атырған мәҳәл еди. Бир күни аўылымызға пайтахттан артистлер келгенлиги ертеден хабарландырылды. Сол күнги мендеги қуўанышты айтсаң-ә! Кешқурын үйдиң алдындағы жаптағы тынық суўға шашларымды сабынлап жуўып тарадым да, асығып Есқабылдикине келдим. Үйинде ол жоқ болып шықты. Машинадан қалып коймайын деген пикир келип, Қәдир шофёрдың үйине қарай бетледим. Келсем күн батардағы ақша бултларды мың түрли реңге бояп, қубылып батып баратырған қуяш нурларына мегзес, шайы көйлекли бир топар қыз-келиншеклерге аралас жигитлер ғаўырласып, жапа-тармақай машинаға минип атыр екен.

— Аяғынды тезирек бас. Жүрисиң қыз әкелетуғын адамның жүрисине усамайды ғой, — деди Қәдир мени көриўден хәзиллесип.

— Жақында әкелемен! — дедим мен мардамсып.

Қәдир қарамайдан дағал болған қолларын ләтте шүберекке сыпырып, оң қапталдағы артқы дөңгелекти бир-еки мәртебе теўип көрди де, папиросын тутандырып кабинаға отырды.

Машина жылжыды. Кең пахта майданының ортасындағы гүзар жолдың үстинен көтерилген бозғылт шаң, кешки тынық хаўада әсте ақырын созылыўы менен шөгип изде қалып баратыр. Хәтте, бул шаңның гирбинлери тап мениң алдымда, ийинлери көкирегиме тийип турған Алмагүлдиң бурымларының майда талшықларына да илинген. Оның ақ нағыслы, солғын қызыл, жупқа орамалының қыйықланған ушлары машина пәти менен желбиреп, гейде кирпиклеримди бир түрли еркелик пенен сыйпалап атырғандай сезиледи. Қалайда мен өзимди қыял бесигинде тербелип киятырғандай пәмледим... Ойылған гөне көпирге пәт пенен келген машина бирден тоқтап, тағы қатты силкингенде ҳәммемиз қоғадай жапырылып, алға еңтерилип, соқлығысып қалдық. Абайсызда ийегим оңбағандай болып Алмагүлдиң бет қапталына тийгени сол еди:

— Маңлайыңда көзиң бар ма? —деди ол маған көзлерин қәҳәр менен алартып.

— «Соқырман!»

— Аўа, бул «сулыў соқыр!»

— Қайтарсын жетеклесип келерсиз, еле Алмагүл!
— Ҳәлегимниң қалғаны!
— Ўаҳа-ҳа!
— Билмей қалған шығар?

Машина тақыр жолға ыңыранып шыққаннан кейин, колхоз клубына қарай зымырады. Қалайда биринши рет көпшиликтиң көзинше, Алмагүлден еситкен жаңағы сөзим маған аз ғана дәкки болмады. Өйткени, мен оған билқастан соқлыққандай сезилдим.

Клубтың алдына келип, селк етип тоқтады. Секирисип түстик. Көпшиликке араласып клубқа кирдим. Адамлар силтидей тынып отыр. Клубтың төриндеги столдың әтирапында колхоздың басшылары. Ортасында еңбегиниң түсип қалған шашларының жалтыраған орнын сыйпалап, колхоз баслығымыз отыр. Шамасы орайдан келген болыўы керек, столдың бир қапталында бет сүйеклери шығыңқы, узын қара киси Американ империализиминиң Корея Халық Демократиялық Республикасы менен еки жылдан бери урысып атырғаны ҳаққында лекция оқып тур екен.

Клубтың иши азада еди. Баслықлар отырған столдың артында тийер-тиймес етип, қызыл нағыслы үлкен перде тутылған. Анда-санда қыймылдап кетеди... Еки көзим сахнада.

«...Жасасын пүткил дүнья халықларының дослығы! Жасасын тыньшлық!».

Лектордың сөзинен соң клубтың иши адамлардың қол шаппатлаған патырлысына толып кетти. Изин ала қызыл таўар жайылған столды еки жигит қыйланбастан, жеңилтеклик пенен бир көтерип сахнадан бир қапталға қойды. Адамлар ғаўырласа баслады. Перденин қосылған жеринен сәтең кийинген биреў зоңқ етип шықты да, бизлерге «Теңин тапқан қыз» деген пьесаны көрсететуғынын айтып, роллерде ойнайтуғынлардың дизимин оқыды. Тағы дүрликкен қол шаппатлаўлар. Ҳәмме кеўилленип кетти.

Ойын басланды... Бир ўақытта сахнада сақалы шошайған бир шәртимек ғарры пайда болды. Ол жас қыз алмақшы екен. Жек көргенлигим сонша, мен бул ғаррының жас үлкеншилигин бир қапталға ысырып қойып, сақалынан сүйреп азап бергим келип кетти. Бурылып қапталыма қарасам Алмагүл менен Қасым, Хатийра үшеўи бир жерде отыр екен. Дәрҳәл Алмагүл Хатийраның қулағына бир сөзлерди сыбырлады. Екеўи күлимсиреп бир-бирине қарасты. Қасымның бул қызлардың қасында қандай пайда болғаны маған

түсиниксиз еди. Енди сахнадағы ғаррыға қосып Қасымды да жек көре басладым...

— Жөнленип отырың, көре алмай атырмыз?

— Бойы узынлар усындайда артта отырғанда не қылады екен?

Артыма айланып қарасам, бир-еки қызға көзим түсти. Бойымның узынлығына иренжип, үнсиз қалдым. Сахнада сақалдың ағын жулыў, аўырсынып, ўай-ўайлаў, ал әтирапымда кеўилли күлки басланды. Менин күлким келмеди. Бир неше көринистен соң өзиниң қызындай Тиллаханды бағанағы ғарры өзине ҳаял етип алды... Соның арасында әллеқандай бир муғаллим пайда болды. Ойын тарқады. Пиядалап аўылға қайттық... Қасым қараңғыда Алмагүлдиң қасында бир көринди де, соңынан жоғалып кетти.

Адамлардан бөлингеннен кейин, жалғыз кетип баратырған Алмагүлдиң изине жетип алдым. Қапа еди.

— Саған ойын унамады ма? — дедим оған қапталласып жүрип.

— Маған ойын керек емес, шын керек!

— Саған бир нәрсе айтпақшы едим.

— Улмекенге айта бериң?

— Саған не?!

—Мен еситпеймен!

Тутлығып, тилим таңлайыма тығылып қалды.

— Кеўлимде әрман болмасын! — дедим оған жалынып.

— Мен сендей әрманлы емеспен.

— Әрмансызбысаң?

— Әрмансызбан!

Қыз кеўилсиз күлди. Ералының тамының артындағы, үлкен қыйсық ақ талдың астындағы арба жолда оның билегинен усладым. Қоллары ыссы еди.

— Айтатуғынынды айт! — деди ол жулып алғандай етип. Көп турдық. Бәрин айтып бердим. Оның исенгиси келмеди. Ол талға сүйенип турып, бәрин муңайып тыңлады.

— Бәри-бир, — деди ол, бир ўақытта босасып. — Саған үйиңниң иши Улмекенди алдырмай қоймайды.

— Қашып кетемиз! — дедим мен сол минутларда ҳеш нәрсени ойлап турмастан.

— Кете бериң, жолларың болсын!

— Жоқ, сениң менен екеўимиз.

— Мен ҳешқайда бармайман!

— Барасаң!

— Адамлардың «бузақы» дегенин еситип жүремен бе? Кейнинен не болады?!

— Мен хеш нәрсениң кейнин ойлап турғаным жоқ.

— Сен ойламасаң басқалар ойлайды.

Оған тағы жалына басладым:

— Кетейик? — деп сыбырландым онын қулағына.

Муздай салқын мөлтилдек сырғасын жаўып, шалғышынан шығып турған шаш талшықлары еринлеримди жыбырлатып, қытықлап атырған еди.

— Усы сөзди бурын неге айтпадың?!

Қыздың кеўилсиз сыбырлысынан шубҳасыз исеним хәм мәртликтиң тәсири сезилер еди.

— Қасымға келисим берген Өзиң емес пе?

— Өзиңниң ислеп жүргениңе бола... Сеннен басқада көкирек жоқ дейсең бе? Болмаса мениң Қасымға қаным қатып жүрген жоқ! Ығбалымнан көрермен.

— Ығбалыңнан көретуғын сен бе?

— Мен!

— Сен-ә?!

Оны ақталға қапсыра, беккем етип қушақлап алдым...

* * *

Түнде тап ҳасыл нәрселеримди жоғалтқандай бул жерге азанда азан менен ертелеп келсем, май топырақта Алмагүл екеўимиздиң изимиз жайнап жатыр екен. Бирақ, излеримиздиң биразын өширип, жаңа ғана суўға түсип кеткен, шыбатылған үлкен бир жыланның изи, кеўлиме әллеқандай ғамгүн салқынлық салып кеткендей болды.

Мениң селтеңсиз қыялымды жаптың қырра жағасындағы жыңғыл аралас қалың боянлықтың арасында дүрлеп шақырған қораз қырғаўылдың даўысы бөлип жиберди. Дәрхәл жаптың ырашына шықтым. Тарнаўдан асырылып аққан суўдың көпирген ҳарылдысы үстинде жылўаланған қуяш көз қамастырарлық еди.

Аяғымның астынан жумалап кеткен үлкен бир кесек ларс етип суўға қулағаны сол еди, айланбада үймелесип турған мешинлер тарқасып кетти. Мен ыраштың бәлент жерине жайғасып отырып алып түндеги «қолайсызлықты» есиме түсирип күлимсиреп қойдым. Көз алдымда жапырақлар арасынан сығаласқан айдың нуры оның

еки өрим узын шашларына «илинип» ойнап турғандай болып кетти... Тап сол ўақытта мен оны талға қапсыра қушақлаған едим. «Апама айтаман» —деп ашыўланып сыбырланды ол. «Мәйли, бәри бир енди сен, бизиң апамның келини боласаң» —деп жалындым мен. Ләблерим оның ләблерине тийгенде, күйип кеткендей болды. Соңырақ тула бойым тоңып турғандай қалшылдап кеттим. Жағыма оның «жағымлы» бир шаппаты шарп етип тийди де, әлле немирде ол туўлап қушағымнан жаздырылып қашты... Мен ушатуғын қустай талпынып, еки қолымды жайып қалдым. Кең даладағы гүзар жолда баратырған қыздың ақ жипек көйлегиниң етеги желбиреп,соңынан пүлкиллей айдың нурына «көмилгендей» ағаранлап көринбей кетти. «Ақмақпан» барып турған ақмақпан! Мен не ислеп қойдым усы. Ертең оның бетине қалай қарайман енди.

Өз-өзимнен қысынып орнымнан өрре турып кеттим. Азанғы сағым менен ғыр дөгерек әтирапты толқынлатқан сийрек көгилдир думан тарқай баслады. Ақ талдың қушақ жеткисиз түбирине илинип турған бир тал узын шашқа көзим түскенде, ойларым оңға бөлинип, тағы да қыялларға баттым. Мен ышқы сазының бул нәзик тарын «пырт» еттирип үзип алмаў ушын бар шеберлигимди салып сууырып алдым. Оннан әлле қандай бир жағымлы ығаллылық сезилер еди. Көзлерим жаўтаңлап тағы бир нәрселерди излегендей болды. Бирақ, Алмагүлден буннан басқа нышан қалмаған еди...

Еле гүз болмаса да суў жүзине үзилип түсип баратырған ақталдың сарғыш-жасыл жапырақлары маған бир түрли кеўилсиз көринди. Ким билсин, мүмкин мына бизлердиң излеримиз де бир-еки күннен кейин бул жерде ҳеш нәрсе болмағандай өшип қалар деген қыял келди, маған.

Итимал, буны жапырақлардың өзи-ақ ҳеш кимге көрсетпей көлегейлеп таслар... Жапырақлар! Жапырақлар! Сарғыш жапырақлар!!!

Бел бууардан келетуғын путалықтың арасындағы бир оқ қарыққа түсип алып үйге қайттым. Анда-санда жаңа ашылып атырған пахталар, таң алдындағы сийрек жулдызлардай қалың жапырақлардың арасынан жалт етип кетеди. Узын қарықлардың ултанында буннан бир неше күн бурын чеканкалаў ўақтында жулып тасланған, солып қалған, жапырақлардан басқа ҳеш нәрсе көринбейди. Ызғар топырақ азанғы ҳаўаға жағымлы ийис таратып кеўилге заўық бағышлар еди.

Пахтаның ақ гүллерине түскен еритилген гүмистей шық тамшылары сәскелик қуяштың өткир нурларына шыдам бере алмай

жылт-жылт етип демниң арасында жоғалып кетти. Кеўлим көтеринки еди. Мәдений шертектиң тусына келгенимде, бәҳәрдеги шигит уранық аўзын қаплап, ғуж-ғуж болып кеткен ғаўашаларды көрип хайран болдым. Ҳәтте, уранық үстине кесесине тасланған, темирден сүйреткиси бар үлкен маланы да көрсетпей таслапты. Бар күшимди салып маланы зорға бир силкип қозғалтқаным, сүйир шыбынлар ғаўлап кетти. «Шаш!» — дедим өзимнен сескенип. Маланы қозғағаныма өкинип, шунатайымдағы жүзиктей етип оралған шашқа қарасам үзилмеген екен. Дәрҳәл атыздың шетиндеги ашылып турған бир хана ақ пахтаны суўырып алып атырып; —Ақмақпан! — дедим тағы да өзиме-өзим. Бул сөзди айтып атырып, бир хана пахтаға оралып шубатылған, бул шашты пухталап қойын қалтама салып қойдым. Еле буны Алмагүлдиң өзине көрсетермен деп ойладым сонынан.

...Бир неше күннен кейин кешқурын ең дәслепки пахта териминен киятырған Алмагүлдиң алдынан шықтым. Сонша жалындым. Тоқтамады. Алмагүлдиң қолындағы фартук, қанарын ашыў менен жулып алдым.

— Бер! —деп қолларын созды, ол.

— Бермей жейин деп атырғаным жоқ, саған айтатуғын гәплерим бар?!

— Маған ҳеш кимниң ыңғырыўлағаны керек емес?!

— Саған керек болмаса, маған керек.

— Баяғы түнде не ислегениңди билесең бе, уятсыз!

Тап сол ўақытта түбимиздеги хәремниң ишинен, басы ғаўқыйған биреў көринди.

— Бийәдеплер, басқа жер қапылып қалғандай, тап үйдиң түбине келип ўәделесесизлер-ә, кетиң бул жерден!

Алмагүл мениң қолымдағы фартук қанарын алып зып берди. Кейнинен мен...

Арадан еки-үш күн өткеннен соң, Алмагүлдиң апасы азанда үйге кирип келди де:

— Анаў жесириңди әкелип, мына баланды тый, маған ҳеш кимниң сыпсыңы керек емес, — деп қызаранлады.

—Не болып қалыпты? — деп апам маған қарады. Мен қысынғанымнан жерге кирип кете жазладым.

— Не болғанын аппақ сақаллы адамлардан сораң. «Улың ержетсе улы жақсы менен, қызың ержетсе қызы жақсы менен қоңсы бол»

деген усы, — деди ол бизиң апамның «нан же» дегенине қарамастан изине қайтып баратырып.

— Бул не? Сени кәмалға келтирип болып, бүгинги күни енди жетер-жетпестен, усындай келсаптай сөзлерди еситип отырман ба? «Жаман ийт қасқыр боламан деп қораға шабады» деген. Нешше жылдан берги қоңсының қызында не жумысың бар, шық үйден! — деп жекиринди апам маған.

Апамның бетине қарай алмастан үйден шығып, атты ертледим де фермаға тарттым.

Қойдың қырқымы басланып, жумыс «балалап» атырған ўақыт еди, сол кетистен бир айға шекем үйге дарымай кеттим.

* * *

Фермадан аўылға келген күнлеримде, ғажжа-ғаж ғорек теримниң ўақты еди. Тағы да Алмагүл хаққында үзликсиз ойланыў... Кешкурын мени бул жерге қандай күштиң айдап келгенин билмеймен. Тастай қараңғыда пүткиллей зериктим. Бир ўақытта өлимсиреп жанған шыраны көтерип киятырған Алмагүл көринди. Қолтығында бир желпимдей жүўериси бар кепшик. Мен өзимди тасаға алдым. Ол көлеңкеси ербейип, дәлиздиң күн батарындағы дигирманға бурылды. Қуўанғанымнан тоңғанымды умыттым.

— Дигирманның уясын ийт жалап кеткен жоқ па? Ийт жаласа ыссы күл сал. Айтпаса ҳарам-ҳадалды билмейтуғын болып баратырсаң ғой! — Бул ашыўлы даўыс Алмагүлдиң апасының даўысы еди. Қорыққанымнан бир қысым болып кеттим. Дигирманның аўзына бир қысым жүўерини қуйды да, Алмагүл дым үндеместен тартқышқа асылды. Тас-тасқа қайралып гүрилдеди. Шыраның сәўлесинен бийдай ирең ақ қуба жүзи бозарып тулғасы алға еңтерилип ырғатылып кетти. Сол ўақытта-ақ оны дийўалға бир қыялап түскен өзиниң әбеший үлкен көлеңкеси қалай болса солай ермеклей баслады. Мурны сүйирленип, шошайған Алмагүл жулқынып атыр...

— Бақалағын тайдырып алма? Жеңилирек етип ал, өңмейлей берип, майрылып қаларсаң!

Апасы оған бул сөзлерди ескертип айтты да, тап мениң түбиме келип, бир дәсте шиңгирикти сыйырдың алдына таслады. Мени абайламады. Ҳәтте, маған қарап турып босаған белбеўин қайтадан бууып, жаўырнына пахтаның гирти жабысқан кәмзолының

шалғайын қайырып алды. Мени енди қандай да бир жүзи қарашылық күтип турғандай еди. Өзимди дигирманда шайналып атырғандай қолайсыз жағдайда сездим. Бирақ, ол басындағы сәлле асқабаққа усатып ораған жаўлығын басыңқырап алды да, изине қайтып, үйине кирип кетти. Қараңғылық мени оның тарпыўынан құтқарды.

Алмагүлдиң жанына барыўға болмайтуғын еди. Қәнекей енди, ол таң атқанша дигирман тартса, мен оған қолдасып турып, өзимди қыйнап жүрген сырларымды айтсам. Тартқышты қысымлаған бармақларының ыссы алақанлары мениң уўысымда турса... «Мениң Алмагүлим!» деп сыбырлана басладым. Сол ўақытта сырттан аттың дүбири еситиле басланды. Изин ала биреў:

— Ғорек шығарып атырсызлар ма? — деп даўыслады. Оған жуўап иретинде иштен Алмагүлдиң апасының маған түсиниксиз жиңишке даўысы еситилди.

— Болың! Планды орынлаўға бир-еки күн қалды. — Буннан кейин тым-тырыс болды да, ат туяғының дүсирлиси алыстан еситилди.

Алмагүлдиң еле сол ырғатылыўы. Гейде билеги талғанға усап сәл тосаңлап қалады. Қалай деген менен Алмагүл буннан бир неше жыллар бурынғы тулымшағы салбыраған кишкене арық қызға сирә усамайтуғын еди. Еле есимде — еле умытқаным жоқ. Бир күни жаптың бойындағы жийдениң саясында отырып алып, ол ылайдан қазан-табақ иследи, мен үшпелек соқтым. Бирақ, күнге кептирип қойған ең шыққыш деген үшпелегимди қасақана былшыйтып басып кеткени ушын изинен жетип алып, бетине суйық балшық жағып Алмагүлди жылатып жиберген едим. Сол күни не болды дең? Үйге келсем, бир ўақлары бет-аўзы байқылланған Алмагүлди дирдеклетип жетелеп келип, апасы ергенекке сүйенип турып бақыра баслады.

— Мынаны не қылғаның! Өзи жалғыз қыз. Қудай бунын үкесин де бизге көп көрди!

Өзимиздиң апам қамыр жайғанын қойып, маған аларып бир қарады да, оқлаўды ала умтылды. Далаға атлықтым. Оқлаў төбемнен асып маған тиймей кетти.

— Урныққыр!

— Өзи неге үшпелегимди сындырады:

— Қудайдың мәрки саған! «өгиздиң отын отлап, баспақтың орнына жатқан!» Жапта ылай көп, оған да биреўин соғып бергенде болмайтуғынбеди, саған! Қыз баланы да жылатама екен!

Бир айланып үйдиң артындағы саяға келсем, Алмагүлдиң апасы менен бизиң апам еле сөйлесип отыр екен. Шамасы олар бағанадан бери екеўи бир аўылда қыз болғанын айтысып отырса керек.

Гәптиң бир иретинде олар күлисип те алды.

— Шашыңа ақ түсипти ғой.

— Жас қайтқаннан соң түрли бәле табылады.

— Мен кетейин! — деди Алмагүлдиң апасы.

Керегениң көзгенегинен қарасам олар екеўи бас қарасып отыр екен.

— А-па, нан! — деп сыңқылдадым, тап сол ўақытта керегеге асылып турып.

— Мына жаққа келип алып же!

Апамның ашыўының басылғанын билсем де, үйге кириўге қорықтым.

— Енди Алмагүлди урғаныңды билсем, желкенди үзип таслайман, еситпедим деме! —деп қойды апам.

Әллеқашан бетин жуўып алған Алмагүл апасының артына отырып, маған тилин шығарып күлди.

— Нан! —дедим тағы да жортаға жыламсырап.

Алмагүл орнынан ушып турып, дастурханды ашты да, керегениң арасынан маған ярым зағараны узатты.

— Усылардың ортасына түсип жүрген мениң есим жоқ! —деди оның апасы. — Көрдиң бе, буларды.

— Баланың арасына түссең бийабырай боласаң, — деди бизиң апам.

Усы минутларда Алмагүл көзиме кип-кишкене, сүйкимли болып көринип кетти. Тағы оның көлеңкесин көзлерим шалғанда, мениң бул қыялларым басқа да пикирлер менен алмасып, қолайсыз жағдайға түстим. Тартқыш тақылдап, дигирманның қатты ғүрилдиси тынды. Жүрегим дүрсилдей баслады. Енди оған не деймен?! Ол унын кепшигине салып, шыраны көтере бергенде, «сейсхананың төринде не қылып отырман» деген пикирге келип орнымнан турдым. Баспақ үркип тарбаяқлап кетти.

— Алмагүл!

Бул сөздиң аўзымнан қалай шыққанын өзим де билмей қалдым.

Ҳәўлыққан Алмагүл шыраны алдына тутып, мен тәрепке мойнын созып қарады.

— Кимсең?

Қыз қолындағы шыраны үплеп өширди де, үнсиз қалды. Бир-биримизди көрмей қалдық. Маңлайға урса белгисиз қараңғылық бастырманың астын қаплады.

— Неге келдиң? — Оның муңлы сестинен бир қыйлы болып шаршағанлықтың тәсири сезилди.

— Саған!

— Кетиң бул жерден!

— Алмагүл, саған бир нәрсе айтпақшыман.

— Кетиң деп атырман, ҳешнәрсе еситпеймен, кетиң!

Тым-тырыс болып қалдым. Қараңғыда шиңгирикти тасырлатып, гүртилдетип турған сыйырдың көзлери жап-жасыл болып кетти. Алмагүл үйине кирип қапыны жапты. Изин ала дәрўазадан сыртқа шықтым. Бир нәрсени сылтаўлап жолығып кетер деген үмитли пикир қыялыма келди. Тағы турдым. Қапы ашылғанда бастырманың астына түскен шыраның жақтысын иштен шыққан думандай пуў қаплап, гүңгиртлендирип жиберди. Сескениңкиреп кейин бәстим. Узын көлеңкеси ербеңлеген биреў босағадан атлап шықпастан, ишкенинен қалған суўды далаға серпип, қапыны тарс еттирип жапты да, иштен сыңғырлатып илгенге усады.

Мени пүткиллей кеўилсиз ойлар бийлеп алды. Сыртқа шығып, тамды айланып, әйнегиниң алдына келип көп ўақытқа дейин әтирапқа алаңлап қарадым. Оннан кейин тәўекел етип, перде тутылмаған төрт көзли айнадан ишке қарадым. Үйдегилердиң ҳәммеси бир қанар ғөректи ортаға алып, ярымлап таслапты. Алмагүлдиң ағасы ошақтың алдында малдас қурынып отырып, күс басқан үлкен қолларының бармақларына жиңишке жыңғыл шыбықтың ушына илдирилген дағлаў майдан жағып отыр. Аташтаның ернегине үйилген шаңғалақларды еки-үш мәртебе пәнжелеп, ошақтың төрине қарай ысырып қойды. Қақпағы шетине қойылған қазанда гөжеге усаған бир нәрсе быжырлап қайнап атыр. Бир ўақытта Алмагүл узын бурымларын тарқатты да алақанының қыры менен жаздырып, тағы желкесине түйдеклеп, тап маған туўры қарап жүрди. Сәл бир қапталға кейин тайсалдым. Ол мени серлеместен шыраға бурылып турып, кисесинен кишкене айнасын алды да, еңкейип қарай баслады. Бармақлары менен қаймақтай еринлерин услап көрди. Соңынан қыйылған қасларын сыйпалады. Мен оның бул турысына ынтығып қарай бергим келди...

— Саллан, салланып қалғыр. Мына ғөректи ким шығарар екен?

— Гөрек шығаратуғын машина келипти дейди, апа!

— Қойсан-ә, сондай болмайтуғын гәпти. Алмагүл сынын бузбастан айнасын киссесине салып, үйиўли турған қақ ериктей гөректиң бир шетине көйлегиниң етеги жайылып отырып қалды. Әйнектин текшесине өңменимди арттым. Узын ат печьтиң аржағында, Алмагүлдиң апасының басы көринди. Печьтиң қуўысында гөректен шыққан аппақ пахталар үйилип атыр еди. Оның үстинде бир ала пышық уйықлап атыр. Сол минутларда мен өзимниң қайда турғанымды пүткиллей умытып кеткен екенмен. Бираздан соң тас төбеме оңбағандай болып бир муш тийди. Басым дийўалға соқлығысып зеңип кетти. Малақайым маңлайыма түсип жыпырылып, хаўлығып тура қаштым. Изимнен ҳешким қуўмады. Былайырақ шығып оғада ҳайран болдым.

Үйге келдим де көрпени басымнан асырып жамылып, қапа болып жатып қалдым. Уйқым келмеди. Қыялымда еки пикир: ашыў ҳәм Алмагүлге деген сүйиўшилик ҳүким сүрер еди...

Сөйтип, сол бир муштың кесапатынан Алмагүлге қайтып бетлегисиз болдым. Ким биледи, аўылда жигитлер аз дейсиз бе?! Бәлки, оның маған «бул жерден кетиң» дегенине қараганда меннен кеўли суўыған шығар. Мен неге «кет!» деген ўақтында кетпедим! Неге ғана мен оның айнасының алдында иркилип қалдым. Ашыўым келгенликтен сол сапарғы өкиниш мени бир қыйлы етип есеңкиретип таслаған еди. Енди қалай арсызлыққа салып өзи «кет» деп атырған адамның алдына барып жығылысаман. Бирақ, мен бир неше мәртебе Алмагүлге жығылысыўды ойлаған менен тағы да бурынғыдан да бетер, есимнен шықпайтуғын аўыр бир сөз еситип қаларман деген пикирге келдим. Сол күнлери Алмагүлдиң өзи де тап мениң ойлағанымдай түр көрсетип жүрди. Оның бир ўақытлары күлки жайнап туратуғын бет ажарында, енди ғәзепли ашыўды көремен. Ҳәтте, оны кеше жақында ғана жармыстың ултанынан қазылған, үсти бастырылмаған душшы қудықтың басында тосаттан ушырааттым. Шөллеген атымды жетелеп, ыраштан төмен түсип киятырғанымда ол еңкейип, қулашлап суў тартып атыр екен. Аңлаўсызда ат қолымнан жулқынып оның бир шелек суўына аўзын басты.

— Атыңызды тартың! — деди ол маған туўрылап қарамастан. Мен үндеместен Алмагүл айтып үлгермей-ақ аттың басын тарттым. Ат музға тайғанақлап қаймығып, аўызлығын сыңғырлатып жалмап, кекшийип турып қалды. Алмагүл жибин шуўмақлап еки шелегин

ийин ағашына илдирди де, менин жанымнан тез кеткиси келгендей, жармыстың ырашынан қайқаңлап жүрип кетти. Тап сол ўақытта қудықтың басында шелектиң жоқ екенлигин билип, атқа ғарғып миндим де, Алмагүлдиң тусынан патырақлатып шаўып өтип үйге келдим. Келдим де шелекти даңғырлатып атқа миндим. Алмагүл еле үйине жетип үлгермеген екен. Қудыққа қарай оның тусынан тағы шаўып өттим.

* * *

Көп кешикпей Улмекенниң үйине барып қайтқан ағам аўылға: «баламды үйлендирейин деп атырман» деген жаңа хабар таратты. Бир күни бизиң үйге жыйналған төрт-бес ғарры шай ишип отырып бизиң ағамның орынлы жер менен қуда болғанын айтысып кошаметлеп қойды. Сонда мақтаншақлық пенен көтерилип сөйлеген ағам:

— Баланы үйлендирмек ата-анаға парыз! — деп мәнили көз қарас пенен дөгерегиндегилерге қарады.

— Балалар бирин-бири жаратып мақул көрсе, парызды өтемек керек, — деп гәпке араласты Әбдимурат ғарры. Бул өзи хәзилкеш адам еди.

— Келин баланы жаратасаң ба? — деп маған қарап кеңкилдеп күлип жиберди.

Мен қолымдағы «Қызыл Қарақалпақстан» газетасына қарап отырып үндегеним жоқ.

— Бала сәл натықлаў, дайысына усаған. «Ер дайысына усайды» дейтуғын еди, бунық дайысының өзи де нәрсежан адам. Бул я жийени болып бир нәрсесин урлап келмесе, — деп ағам хоппыйып отырды. Гәп мениң «натықлығым» ҳаққында баратырғанлықтан, Әбдимурат ғарры өзиниң хәзирги кемпирин қыз ўақтында бир байдың баласына берип қойған жеринен алып қашқанын айтып, хәммени бир күлдирип қойды.

Сол күни үйрениспеген Улмекен көз алдымнан кетпеди. Оның мен ҳаққында жаман пикирде емес екенлигине гүманым жоқ. Ал, мен не?... Алмагүл!... Шийеленискен шым-шытырық ойлар, шатасыўлар... қайдағы бир Улмекенниң бизлердиң арамызға ойламаған жерден келип араласыўы басымның мең-зеңин шығарып жиберди.

* * *

Бул өзи адам айтса инанғысыз ҳәдийседей болған еди. Бирақ, адамға бахытсызлық тап болайын десе сәл жерде екен. Сол күни кеште Алмагүлдиң ағасы менен апасы ешек арбасын қосыпты да, ауылдың адамларына қосылып, жыллық доходына бийдай алыў ушын қапшықларын жамастырып колхоздың складына кетипти. Алмагүл үйинде бир өзи қалған. Бирақ, адамлар Алмагүлди түнде кудықтың ишинен тартып алыпты дегенди еситкенде басым, уясы бузылған ҳәррегендей ғаўлап кетти. Бийшара қыз сол күни ауылдан ерек жармыстың ултанындағы, үсти бастырылмаған кудыққа геўгим ўақтында суўға келген. Суў алып атырғанда шекеринин жиби илип пе, я музға тайып жығылып па, әйтеўир, қудықтың ишине «гүмп» етип түсип кеткен. Буннан ҳешкимниң де хабары болмаған. Ай туўғаннан кейин изине жети-сегиз жасар баласын ертип, суўға келген Ерланның ҳаялы кудыққа жаңа үңиле бергенде, әжеп тәўир кулақ түрпигерлик сес пенен бозлап, кудықтың ишиндеги «суўда шомылып атырған, көзлери тостағандай суў перини» көрип шелегин таслай сала «бай-байлап» қашқан. Түнлетип арба айдап киятырғанларды да оның даўысы сескендирип жиберген. Дәрҳал ауылдың ер адамлары жәмлесип келип паныс жағып, кудықтың ишине үңилип қараса, дизеден келетуғын суўда қалшылдап турған Алмагүлди көрген. Сөйлемеген тек, ҳәркимниң бетине жалтаңлап, аларып қарай берген.

Бирақ, бойы жылығаннан кейин, түни менен түрли бәлелердиң атын айтып, сандыраклап шыққан. Шыраға қарап қолын шошайтып күлген. Апасының айтыўына қарағанда, Алмагүл бес жаслар шамасында кешкурын ылақ, қозыларды қуўалап ойнап жүргенде, оны өзлериниң үлкен бир көк текеси қораның қыспағына тақап оның силесин қатырған. Соннан кейин қыз тоғыз жасларына шекем уйықлағанда бастырынығып, шоршып оянатуғын болған.

Ертеңине азанда районнан врачлар келип, Алмагүлди емлеўханаға алып кетти. Сол күни-ақ кеселханаға жетип келдим.

— Наркоз берип, зорға тынышландырып, уйықлаттық, — деп қырқлардың шамасындағы көз әйнекли қара киси мени бетлетпеди.

— Илаж қанша, енди? — дедим мен қапа болып. Сөйттим де жаңағы врачқа илесип, коридорда турып, Алмагүлдиң жатқан бөлмесине қапыдан үңилдим. Бир өзи кроватта сулық болып жатыр еди.

Аппақ халатының үстинде қап-қара бурымлары, таўланып, есилип атыр...

— Жүреги орнынан қозғалған, қатты қорыққан, — деди врач оғада әстелик пенен мениң бийтақат түриме қарап.

— Жүреги дейсиз бе?

— Аўа. Онлаған күннен соң айланып келиң. Оған дейин сен түўе, әкесине де көрсетпеймен. Тәртип солай, — деди папирос тутандырып атырып. «Қатал адам екенсиз» — дедим мен ишимнен. Енсемнен зил басып аўылға қайттым.

* * *

Он күн! Бул он күн маған он жылға татып кетти. Врачтың ўәде еткен күни түсте кеселханаға жетип келдим. Бул рет анаў күнги келгенимдеги кисини ушыратпадым. Коридорға кире бергенимде, алдымнан жас ғана келиншек шықты. Оның қолында жука сийлеге оралған ушы тебендей бир неше шприцлер бар еди.

— Кимниң изинен келдиңиз? — деди ол маған сораўлы салқын көз қарас пенен.

— Алмагүлдиң, қалай өзи тәўир ме?

— Тәўир. Кими боласыз?

— Аўыллас ағасыман...

— Олай болса мүмкин... Үш-төрт күнликте Қасым деген бир жигит келип еди, не сөйлескенин билмеймен, қызымыз қайталап қалды. Ондайларыңызды ендигиден былай жолатпайман!...

— Мен ондай емеспен, апай.

— Жүриң онда, бас врачымыз келип қалмастан бурын, көрип шыға ғой. Ол көрсе қызымыздың маңайына да жолатпайды.

Ол қарсы алдындағы қапыны ашып, қолындағыларын столдың үстиндеги жылтыр темир қутыға салды да, ийниме халат жаўып атырып:

— Өзи сондай бир нәзик тәбиятлы қыз екен, жақсы адамға жақсы қатнаста болың! — деп ескертип қойды. Алмагүл жатырған бөлмениң қапысына қолым тийгенде, жүрегим дүрсилдеп кетти.

Аштым.

Ҳеш нәрседен бийғам, айнадан далаға қарап отырған Алмагүл үркген қустай шоршып кетти. Соңынан күлимсиреп орнынан турды. Ҳәрқашанғыдай күлгенде пайда болатуғын алманың сабағының

орнындай шуқыршалардың оның аппақ қағаздай қансыз бетлеринде жарасып турғанын көрдим.

— Отырың, — деп мирәт етти ол, қолындағы сабақлы ийнеси менен шаппаттай ақ жипегин меннен жасырғысы келгендей дастығының астына таслап.

Отырдым. Отырдым да оның көзлерине нәзер тасладым. Бир ўақытлары өзимшил күлки шашып туратуғын бул өткир ала көзлерде, енди жалтаң ғәрипликке тән муңлы бир қыял гезип жүргендей еди...

— Неге қарай бересиз? — деди ол аўырыўларға ылайық өлпең даўыс пенен күлип. — Ямаса адам қарағысыз болып қалыппан ба?

— Жоғ-ә! —дедим мен төмен қарап.

Екеўимиз сәл ғана үнсиз қалдық.

— Бул қалай болды, өзи? — дедим мен гәп баслап.

— Өзим де билмеймен. Суў әкелип кир жуўарман дегеним есимде бар. Бирақ... Сол күни сени көп ойлаған едим.

— Мени ме?!

— Аўа, қудықтың басында саған не дегенлерим есиндеме? Дәстүр бойынша атыңа бир шелек суў тартып бериўим керек еди.

— Ашыў үстинде бола береди, — дедим мен.

Ол мениң гәпимди мақуллағысы келмегендей, көзлерин сүзип, уялып қалды.

—Ҳәзир жақсымысаң, енди? —дедим бар ғамхорлығым менен аўзыма басқа сөз түспей.

— Түн болса, жүрегим ҳәўлире береди, болмаса...

— Врачлар емлейди, — дедим мен исеним менен.

— Билмедим, қорқа беремен, қорқа беремен. Ушып баратырған үпелектен де қорқатуғын болып қалыппан. — Оның көзлерине жас келди.

— Емленетуғынлығыңа исен! Адамлар ушын исенимнен айрылыў ең қәўипли нәрсе. Берман қара! Күнлерден бир күни Ҳәким Улықпан деген тәўиптиң алдына түйели бир неше күнлик жолдан асып, тик аяғынан зорға туратуғын бийтап қарындасын алып бир киси келипти, — дедим мен қыздың көўлин көтергим келип.

— Сөйтип? — деди Алмагүл қапталыма отырып, қызықсынып.

— Сөйтип тақсыр, бизиң аяқ жетер жерде бармаған тәўибимиз қалмады. Ақырында шықпас жанына себеп болармекен, деп сизге алып киятырман. Буның илажын өзиңиз таппасаңыз, басқа ҳамал жоқ деп еңиреп жылап жибереди.

Сонда Ҳәким Улықпан кеселдиң зарпы өткен жас қыздың тарамысланған қолының тамырларын услап көрип, хеш нәрсе айталмай ойланып қалады. Ақырында: «Биз не десең де қайылмыз» деп жаңағы екеўи жалбарынып қоймаған соң:

— Бәри-бир бул кеселдиң даўасы жоқ. Бир неше күнлик санаўлы деми бар, қайта берин, ығбалыңызға алдыңыздан шықса көрерсиздағы, — дейди.

Күтилмеген бул жуўап екеўинин де зәрресин ушырып жибереди. Сирә, буның Ҳәким Улықпан болып «атағы жер жарып» атырғаны бийкар болды ғой, деп екеўи түйеге мингесип ғырра изине қайтады. Бирақ, олар алдымыздан не шығар екен деген исенимнен айрылмайды. Жолда киятырып гия шықпаған шөлистанлыққа жеткенде, аўырыў қыздың димары қурып, талықсып, түйенин үстинде отыра алмайтуғын ҳалға келеди. Сол жерде ағасы қарындасына питегәнтай болса да, парасат бериўдиң әнжамына кирисип шыр-пыры шығады. Әтирапта саясына адам паналағандай пута болсаше? Излеп жүрип зорға дегенде, жалғыз нар қамысқа араласып өскен бир түп ақ шеңгелдиң түбине келеди де, илажсыздан түйени шөгиреди. Ийниндеги шапанын шеңгелге көлегейлеп жабады да, тили таңлайына тығылып атырған қарындасын саяға жатқарып, оған бир дүмше суў қайнатып бериўдиң ҳәлекшилигине түседи. Боғасы аўылда байлаўлы қалып, желини сызлап турған әрўананы зеренге саўып алып, қарындасының бас ушына таман қояды да, өзи шөпшек териўге кетеди.

Қыз еки ийнинен демин алып жатырғанда, туў алыстан бир оқ жыланның өзине қарай пәт пенен жылжып киятырғанын көзи шалып қалады. Ҳә демей жаңағы жылан қыздың аяқ уш бетинен шубатылып келеди де, оған атылатуғындай тикшийип қарап турады.

Бирақ, оқ жылан көп егленип турмастан, оның саялап атырған ақ шеңгелин жети мәртебе айланып шығады да, зерендеги сүтке аўзын басып, бир тамшысын да қалдырмай симирип жиберген. Арадан азғана ўақыт өтпей-ақ, оқ жылан ишкен сүтиниң бәрин зеренге қайтарып, қызға зыян етпестен, келген жолына түсип қайтып кете береди.

Жылан кеткеннен кейин бийтап қыздың зерендеги сүтти пүткиллей аңқасы кеўип: «өлим-өлим бир өлим» деп ишкиси келеди. Өз қәддин тиклеп, омыраўын көтериўге димары болмағанлықтан бас ушындағы қолы тийип турған нар қамыстың бир буўынын еплеп сындырып алады. Сөйтип қамыстың буўынынан най етип, бир

қапталына аўнап атырып зерендеги сүттиң нәрсесин қалдырмай ишип болғаннан кейин узынына түсип, қандай да бир рәҳәт қушағында буйығып, қатты уйқыға кетеди.

Әлле не ўақытта келген ағасы қарындасының бул ҳалын көрип сескенип кетеди. Дәслеп бул енди: «ада-жуда болған екен-аў» деген пикирдиң басына да барады. Басын шайқайды, оянбайды, балқып терлеп атырған. Буннан кейин ол қарындасының өзлигинен ояныўын күтип, бас ушында пәрмана болып отырады. Қыз сол жатысынан ертеңине кешкурын тәндарлық пенен оянады. Ағасы қуўанғанынан жылап жибереди. Қарындасы болған ўақыяны баянлап айтып береди. Аўылына келгеннен кейин қыз кеселинен пүткиллей айығып, жардай болып семирип, толысып кетеди.

— Болғаны ма? Қызық екен, — деди Алмагүл еркелик пенен қасларын ойнатып. — Ал, мен өзим билетуғын ертеклерди есиме түсирсем, — түсиме әжеп тәўир нәрселер енеди. Гейде аспанда ушып жүремен, гейде ешкилер адам болып мениң менен сөйлеседи.

— Зыяны жоқ, — дедим мен. — Ҳаўлықпа!

Қапыдан бағанағы маған халат кийдирген келиншек көринди.

— Енди болды, көп отырып қалдыңызлар, врачтың келетуғын ўақты жақынлады, — деди ол қапыны жаўып кетип баратырып.

Орнымнан өрре турып кетиўге қолайластым.

— Хош қал! Тезирек саўалып кеткейсиз.

— Рахмет. Бирақ, тез-тез келип турың.

— Үш күннен айланып келемен, — дедим мен артыма бурылып.

Алмагүл мени өзи жатырған бөлмениң босағасында турып узатып қалды.

* * *

Үш күннен кейин айланып келдим. Бирақ, коридорға киргенимде врачлардың арасында, буннан үш күн илгери өзиме халат кийдирген келиншектиң еки алақаны менен бетин бастырып, жылап турғанын көрип қорқып кеттим. Жаўырыным бир шелек муздай суў қуйылғандай жуўлап кетти.

— Не болып қалды, апай? — дедим ҳаўлығып.

— Сени көп сорады, — деди ол бираз ўақыттан кейин, халатының шалғайы менен қызарған көзлерин сыпырып.

Аңырайып қалыппан.

— Ҳаяллардың кеўили бос болады, солай емес пе, иним, еле жүрекке операция исленетуғын ўақыт бизиң жағдайымызда да алыс емес, — деп көз әйнекли киси ийниме қолын салды.

Болары болып, бозлап отырған Алмагүлдиң апасын көргенимнен кейин, маған барлық жағдай түсиникли болды. Елжиреп кеттим. Барлық әрманларымның шилпәршеси шығып қалғандай еди. Еки медсестра Алмагүлдиң бетин жаўып, узын носилкаға салып, тусымнан өтип баратырғанда көз алдым тынып, қараңғыланып кетти. Әлле не ўақытта биреў шығанағымнан тартып:

— Мынаны ал, — деди.

Айланып қарасам, мен келгендеги жылап турған медсестра апай, маған шаппаттай, шети жийекленген ақ жипек орамалды узатып тур.

Алдым. Ортасына салынған гүлдиң кишкене еки жасыл жапырағы бар еди. Ол жаңа ашылып киятырған қызыл гүлдиң сүўретин салмақшы болған. Бирақ, торлап үлгере алмапты. Шала қалған... Узын қызыл жипек сабақлары шубатылып жүр. Мен бул орамалды жаслы көзлериме бастым.

...Еки күннен кейин Алмагүлдиң ақ кепинли табытын көтерип барып, гүзар жолдың бойындағы «Қуўсырыққа» жерледик. Алмагүл түскен қудықты аўылдың адамлары: «кийели жер, пери ийелеп кеткен» деп көмдирип таслады. Сөйтип кеўлимде дағ, көзлеримде жас қалды...

* * *

Сәлем, балалығым жайнап қалған жер! Ҳәр қашан аўылды еслесем Алмагүл мениң көз алдыма келер еди. Неликтен солай екенине мен бүгин түсингендеймен. Енди ойласам оның өзинше сыры мениң жүрегимде өшпес тамға таслап кеткен екен. Адамлар туўылады! өмирдиң ашшы-дуўшшысын татып өлип кетеди. Еле бизлерге аты нәмәлим қаншама перзентлер туўылады десеңизше! Жас ўақтында адамның ойларының шашыранды болатуғынын ким билмейди дейсиз. Түрли кәсипти ийелегиң келеди. Оннан қала берсе аспанға қанат байлап ушып, жулдызлар дүньясын аралағың келеди. Бирақ, мениң әрманларым булардың ҳеш бирине де усамайтуғын еди. Өйткени, мен кең далаларды еркин ҳәм тынымсыз гезип жүретуғын геолог болыўды жақсы көретуғын едим. Бирақ, өмир адамды өз арнасының ағымына салып, ығызып кетеди екен. Қайда мениң геолог болғаным,

қайда? Егер мен Алмагүлди бир өмирге татырлық өкиниш пенен жоғалтып алмағанымда ким биледи, бәлки, геолог болып шыға келер едим дә. Әттең, гейде турмыста болып туратуғын кеўилсиз ўақыялар, әсиресе жас адамлардың өмиринде үлкен бурылыс жасап кетеди. Ҳәрренин өзи қанша шағаўық болған менен бирақ, пал жыйнайды, — өмир де соған усап кетеди. Адамлар әлле қашаннан бери өмирди узайтыўдың ғамын ойлап киятыр. Бәлки, сонлықтан болар, Алмагүл өлгеннен соңғы жылы мен медицина институтына — Самарқандқа оқыўға кеткен едим. Ҳәтте, сол жылы бизлер аўылдан да көшип кеткен едик.

Сайдың жағасына тап баяғы жыраў айтатуғын сапарғыдай болып геўгим түсип киятыр еди. Бир мәҳәлде арт жағымнан ат туяғының дүсирлиси еситилип жамбаслап жатқанды қойып орнымнан түргелдим. Тусымнан өтип баратырған еки атлы геўгим түскен ўақытта, маған бийтаныс адамлардай жатсынып қарады.

— Тоқтаңлар! — дедим алдыңғы атлыны Есқабылға шырамытып. Олар атларының басын қайырып жаныма келди. Мен оларға қарай адымладым.

— Ассалаўма әлейкум! — деди Есқабыл ердиң үстинде аўып отырып, еңкейип қарап.

— Саламатсызлар ма?

— Ҳаў! — деди олардың екеўи бирден ҳайран қалып. Адасып киятырсаң ба? Даўысыңнан зорға тыныдық ғой!

Екеўи де аттан жумалап түсип қолыма асылды.

— Адасып киятырғаным жоқ, енди биротала аўылда ислеўге киятырман.

Есқабылдың қасындағы Қасым маған атын берип, өзи пияда жүрди. Сол ақшам Есқабыл бригадирдиң үйинде қонақта болдым. Бир неше рюмкалар ишилгеннен соң, сөзден-сөз шығып, өткен-кеткеннен сөйлесип отыр едик, бир ўақытта Қасым соқта үлестирип атырып:

— Бир ирет түнде сени келистиргеним есиңде ме? — деди маған күлип қарап отырып.

— Жоқ! — дедим дәслеп хеш нәрсе түсинбей.

— Алмагүлдиң айнасынан мойыныңды созып, үңилип турғаныңды билесең бе?

— Ҳә, сол сен бе едиң?!

— Енди ким деп едиң. Ол ўақытта Алмагүлден бизлер де үмитдар едик, — деди дөгеректегилерге қарап жамбасына урып күлди ол.

Ҳәмме күлди. Мен де жүзеки күлдим. Бирақ, бир түрли болып кеттим. Адамлардың арасында сондай бир түсимсиз адамлар болады, гейде олар муҳаббат дегенниң не екенине түсинбестен, ойнап едим деп ойран етип алғанын өзлери де билмейди... Арадан жыллар өтсе де, Қасымның сондағы пәмсизлигин енди пүткиллей жек көрип қалдым.

Түн ярымында аўыл жигитлери үйли-үйине тарқасты.

Жаттық.

Көп ўақытқа дейин уйқым келмеди. Бир мәҳәли көзим илинип кеткен екен, түсимде өзимди Есқабылдың үйинде емес, бағанағы сайдың бойындағы қумлықта жатқандай хәзликте сездим. Соңынан орнымнан турып, ертең өзим хызмет ислейтуғын кеселханаға қарай сайды жағалап баратыр едим, кәпелимде Алмагүлдиң сайдағы тынық суўда бир өзиниң жалаңашланып шомылып атырғанының үстинен шықтым. «Шешин, қалақ ойнаймыз» — деди ол мени көриўден суўдан омыраўын көтерип. Оның аппақ сийнесин суўға малынған қара шашлары жаўып кетти. Көзлери көринбей қалды. Бир ўақытта ол маған қолларын созып: «Көйлегимди әперип жибер?» дегени сол еди, мен оның көйлегине алаң болып, артыма айлана бергенимде, ол суўға бир сүңгип қайтып көринбей кетти. Қушағымды жайып өзимди суўға тасладым. Оны таба алыўым менен жекенге асылып мантығып оянсам, ыссылап терлеп атыр екенмен. Мени бир түрли кеўилсизлик қоршап алды. Ҳәмме уйқыда еди. Орнымнан турып далаға шықтым, ай сүттей жарық. Көкте жайнаған жулдыз. Әлле қаяқтан байыўлының муңлы, ҳарғын даўысы, талып еситиледи. Түн саўлатының жуқа атлас көрпесине оранып, уйқылаған арыў қыздай аўыл, тәбият қушағында мәўжирер еди.

Сигарета тутандырып, ийретилип атырған соқпаққа түстим. Түн самалы симирип тартқан түтинимнен ушқын урлағысы келгендей зуўлайды. Жақынладым. Тынымсыз сылдыраған жапырақлардың ала көлеңкесинде айдың нуры жылаўланар еди. Ақ талдың астына келип аспанға қарадым. Бир ўақытлары өзим өрмелеп отыратуғын қыйсық шақалардың биразы жуўанып кеткенге усап көринди. Еле қарап турман. Дәл төбемдеги жулдызлардың биреўи жылт-жылт етип күн шығарға қарап жылжып баратыр еди. «Жердиң жасалма жолдасы» деп сыбырландым мен.

Ақ талдың астындағы басқыланып қалған көк шөпликтиң үстинде шық түсип былбырап қалған әлле қандай газеталардың

жыртыклары менен шегилип тасланған папиростың қалдыклары ағараңлап көринер еди. Оннан былайыракта айқуш-уйқыш туфлийдиң излери.... Көзлеримди тарса жумдым.... Көз алдымда баяғы өртеңниң орнындағы көк шөпликте қозысын қушақлап турған Алмагүл пайда болды. Бир мәҳәли ол ақ жипек көйлек кийип, тап усы талдың астында өзим менен бирге турғандай болып елеследи. Бир тал шаш. Оның кап-қара бир тал шашы енди қайтып қосылмайтуғын айралықтың соқпағындай шубалып, жоғалып кетти. Сескенип көзлеримди аштым. Бур ирет маған ақталдың тербелген жиңишке шақалары, түнлерде шашын тарап, өз ашығын сағыныш пенен күткен әлле қандай бир бийтаныс мунлы қызға усап көринди.

Ойлар, ойлар! Таң атып киятыр.

Муздай алақанларымды маңлайыма басып, ақ талға сүйендим.

*Апрель-август 1967-жыл.*
*Нөкис-Кегейли.*

УЗАҚБАЙ ПИРЖАНОВ

# АҚ ТАЛ АСТЫНДАҒЫ АҚШАМ

«Билим» баспасы
Нөкис — 2015

Редактор *У. Юсупова*
Художник *К. Рейпназаров*
Көрк. ред *И. Сержанов*
Тех. редактор *З. Алламуратов*
Оператор *А. Бегдуллаева*

**Лицензия: AI №108, берилген ўақты 2008-жыл 15-июль.**

Басыўға руқсат етилди 08. 10. 2015-жыл. Форматы 60x84 $^1/_{16}$. «Times KRKP» гарнитурасы. Офсет баспа қағазы. Офсет баспа усылында басылды. Көлеми 3,25 б.т. 3,02 шәртли б.т. 2,9 есап б.т. Нусқасы 500 дана. Буйыртпа №19.

«Билим» баспасы, 230103. Нөкис қаласы,
Қарақалпақстан көшеси, 9.

**Электрон мәнзил:** bilim.baspa.@bk.ru

«Билим» баспасында басып шығарылды.